Si Siti kuwen wonge mah ora sepira ayune, tapi yen wis dangdan, nenggo apa bae gah perigel bae.

'Si Siti itu orangnya biasa saja, tetapi kalau sudah berhias, memakai apa pun pantas saja.'

Yen ngedeleng si kuwen, isun mah sok kapiasem, inget lagi ngebodor kaen.

'Kalau melihat si Itu, saya merasa geli karena ingat waktu ia melucu itu.'

LAMPIRAN 2

- A. Lokasi: Kecamatan Kramat Watu, Serang
Tanggal perekaman: 29 Agustus 1981

Bismillahirrohmanirrohim

- 10 Kula hatur nuhun maring para bapa lan para ibu sing wenten ning riki. Maksud kula ning riki enggih puniku ayun ngisungi sekedar alakadare, enggih puniku mengenai tentang cara pendidikan di daerah kula puniku, karena di daerah kula puniki terutama sing diajar sereng kula, enggih puniku ning desa Kamasan, SD Kamasan, kurang begitu mencukupi saking
- 15 kebutuhan terutama ning sekolah, karena napa, karena terutama ning segi waktu, enggih puniku, kang ning kampung niku kang wenten waktu panen, jadi otomatis enggih puniku masalah bocah sing manjing sekola, terutama sing sekola ning SD kula puniku, SD Kamasan, kirang manjing sekola. Kirang, artine, boten melebet ning sekolahan. Kebanyakan bocah
- 20 puniku pada milu sereng wong tuane, enggih puniku pada panen. Lan uga ing waktu tandur atanapi ngoyos, istilah ning kampunge enggih puniku ngoyos niku istilaha mendeti suket ning pari, jadi bocah niku kirang pada sekola. Sampun kula hubungi, enggih puniku baik ning kelurahan maupun ning desa, yah pada waktu puniku bangkit bocah
- 5 puniku sekola, karena dikunjungi sereng kepala sekola, gurune, istilaha diwentenaken pendekatan, istilah kata asinge enggih puniku *approach*, enggih puniku pendekatan sereng masarakat-masarakat, tetapi uga kula sampun berusaha sampe detik puniki, enggih alhamdulillah, berkat kama ketabahan saking guru-guru kula, baik kepala sekolah maupun guru-guru
- 10 sing sanese, bangkit ngisungi pandangan-pandangan atau saran-saran ning masarakat, enggih puniku ning masarakat terutama SD Kamasan yang melingkupi enggih puniku desa Margasana bahwa sampe puniki karena

- tahun-tahun sing kerihin mungkin kekurangan guru, lah alhamdulillah sampun rawuh puniki bangkit kula menggugah kembali enggih puniku
- 15 masarakat sing waune maler primitif ning masalah pelajaran, jadi belajar ning SD, yah istilah cepe ning hadis mah *uthubul ilmu minal mahdi ilallahdi*, gegelati ilmu enggih puniku dari semenjak cret, istilah lahir, tumeka maring kula puniku ajale rawuh atawa meninggal, liang kubur. Jadi, kula boten bosen-bosen ngisungi pandangan masalah puniku terutama ning desa Margasana, enggih puniku sing dipingpin kelawan pak lurahe Bapak Maswi, rawuh seniki alhamdulillah enggih puniku bangkit manjingaken bocah malih saking inisiatip guru-guru, dengan begitu ka-
tahe, enggih puniku ahire pemanjangan bocah-bocah puniku ing dalem
- 5 tahun-tahun puniki. Jadi, kula enda ning masarakat, terutama masarakat Kamasan, Ngadipan sareng masarakat Kekalihan, napik segen-segen ngajaraken ning pecile, enggih puniku kangge mencari ilmu, karna mencari ilmu niku pokok utama kangge kuripan kula. Jadi, sekali malih, kula enda maring masarakat, terutama sareng bapa lan ibune, supaya bangkit ngedorong ning anak pecile, enggih puniku kangge ngelanjutaken sekola, baik sesampun lulus saking SD, atanapi terus ning lanjutan atase. Lan uga kula, masalah puniki di samping kegiatan-kegiatan kula mengajar ning SD, enggih terutama kula niku mengajare mengajar agama, jadi kegiatan kula ning luar... yah, di luar pekerjaan, enggih puniku pegawean kula sing rutin, atanapi sing dikelola waune ning PDK, jadi 'ekstra' istilah di luare enggih puniku di samping membina kekarangtarunaan desa Kramat Watu, jadi kula sebagai ketua, bahwa kegiatan puniku ning desa Kramat Watu, alhamdulillah sing taun seribu sembilan ratus tujuh puluh sembilan sampe taun delapan puluh puniki, dengan rasa sukur kula bangkit menikmati hasil, baik sing pemerintah maupun hasil saking masyarakat. Lan uga bangkit ngisungi tentang kegiatan-kegiatan ning masarakat, membantu masarakat, baik niku masalah tentang membantu masarakat, menggerakkan suatu... niki... napa... ee... melaksanakan kegiatan yaitu pentegelan masjid, negel masjid, sing waune kula tingali bahwa masjid puniku dalam keadaan pakem, boten artine boten bergerak, lagi macet keuanganane, jadi kula sareng batur-batur kula, bahwa kegiatan kula niku karna ningali masjid puniku kirang rampung, jadi kula berusaha, jadi anggota karang taruna hususe, enggih puniku mencari dana, gegelati duit, kangge ngusahakaken pembangunan masjid Baitul Muslimin ning Kramat Watu niku. Lan malih kula, hususe dari Departemen Sosial sampun ngisungi enggih puniku bahan-bahan pembantu, terutama kangge

fakir miskin, atanapi sing dikatakaken ning wong Depsos niku istilahé *drop out*, istilahé bocah sing boten mampu kangge menerusaken, kangge nerusaken baik pelajaran maupun dalam segi ketrampilan. Jadi kula ning riku berusaha, berusaha hubungan sereng Departemen Sosial. Rawuh seniki alhamdulillah hubungan antara Departemen Sosial sereng karang taruna puniki kula anggep hubungan niki baik atanapi bagus. Masalahé napa, baik antara pemerintah daerah setempat maupun dengan tokoh masarakat, enggih terutama sereng Bapa Haji Hasuri niki sebagai pembimbing, kataken penasehat engge bocah-bocah remaja kangge membimbing masalah kula niki. Adapun bahan-bahan pembantu sing wau kula ucapaken puniku terutama mesin jahit, sing sampun berjalan alat-alat olah raga, sarana kesenian, dan malih daftar perpustakaan, enggih puniku sing sampun diisungi sereng Departemen Sosial. Lan uga kula, atas nama ketua alhamdulillah sampe detik puniki sampun bangkit ngirimaken bocah enggih puniku kangge segi ketrampilan, terutama dalam segi ketrampilan jahit-menjahit. La niku kula kirimaken sebanyak lima uwong, limang uwong, kangge mengikuti kursus ketrampilan jahit-menjahit, enggih puniku ning Cibabat, Bandung. Selama niku, jadi bocah mengikuti ketrampilan, enggih puniku selambate enam bulan, di Cibabat Bandung, dengan rasa senang dan rasa gembira, bahwa kula mendapat di samping mendapat *ranking* ning rika, istilahé 'juara' lah ngomong ning rikine mah niku, bahwa juara dalam segi kesenian maupun dalam segi jahit-menjahit puniku, mendapat sing pertama, artine grup sing Serang puniku, atas nama kecamatan Kramat Watu, hususe mendapat *ranking* pertama dalam kursus jahit-menjahit atau modiste. Jadi kula ucapaken, baik ning Departemen Sosial maupun ning masarakat riki, terutama Kramat Watu, sing ngebanu ning kula, baik dorongan niku matrial maupun spiritual, enggih puniku istilahé masalah jiwa atanapi daleme sing ngebanu ning kula, jadi kula boten bosen-bosen ngucapaken beribu-ribu terima kasih, karna kula atas nama ketua, tanpa wentenne suatu konsultasi, atanapi hubungan, baik niku antara masarakat maupun dari dinas, maupun dari departemen, kula kira boten sampe terjadi sampe mengketen niki. Tapi kangge kelanjutan kula, karna di dalam ning organisasi puniku atanapi manajemen, istilah ngomong nikine, asinge, kedah wenten *man*, terutama istilah manajemen *money*, material, market, dan *metode*, enggih puniku wenten uwonge, boten wenten uange boten bangkit jalan. Jadi kula terutama dalam segi keuangan karna tak rasa kula masalah uwong lah cukup, tapi masalah keuangan. Jadi, untuk keuangan

niki sing tahun delapan puluh niki, kula ngerasa ngederebeni kemacetan, karna niku maklum masalah organisasi ning kampung, terutama gegelati ning duit puniki rada sulit. Jadi kula dalam taun puniki, dalam bulan-bulan sing sampun puniki, kula berinisiatif artine ngederebeni pemikiran enggih puniku kepripon carane gegelati duit atanapi *income* kangge kas terutama karang taruna. Kula sampun mempunyai atau ngederebeni inisiatip, enggih puniku cara mengumpulkan atanapi ngumpulaken kartu kuning, pembayaran listrik ngelalui bocah karang taruna. Yang istilahe dikumpulaken, dipul, atanapi dikumpulaken dijadikan sios, lan didaf-taraken ning PLN. Dengan rasa sukur niki kula ucapaken karna wau puniku, kula niku wenten hubungan, baik istilahe ning luar maupun ning dalam, alhamdulillah masalah pembayaran listrik karna kula niki berinisiatif waune menanggulangi, istilahe ngisungi jalan ning kangge wong sing ekonomine lemah, enggih puniku yah sing karna sampun uning bahwa kula lamun bayar ning rika, sampun ongkose, terus nonggo-nane, boten setengah jam atanapi sejam. Lambat waktune. Jadi, karna dorongan masarakat wau puniku, kula ughah ngederebeni pemikiran kangge pembayaran listrik puniku. Lan rawuh seniki, masalah pemba-yaran listrik puniku sampun berjalan satu bulan atanapi dua bulan sing akan datang niki, sing ayun ning arep niki. La niku cara-carane, pertama kula ngehubungi ning bank, ai ning PLN kerihin, terutama ning PLN, kepripon carane supaya daftar pemakaian puniku karna daftar pema-kaiian puniku kula boten bangkit ngisungi yen pinten meter telase, yen pinten meter anune, pemakaianane, bayare sepinten, kula boten bangkit nengtokaken. Jadi kula sesatune jalan, enggih puniku menghubungi ketua PLN, tetapi cepe ketua PLN bahwa mengenai ini, daftar pemakaian niki, boten bangkit keluar. Cuman kula takeni, apa sebabe sampe boten keluar, niki ughah waktu kula niki, staf dari bocah-bocah karang taruna ngebantu kangge kelancaran pembayaran listrik puniku. Nah waktu niku memang dari PLN, sing PLN niku nolak, tapi kula istilahe nika berusaha boten putus asa, berusaha kepripon carane agar supaya masalah pemba-yaran niki bangkit kula tanggulangi bersama, enggih puniku ditanggulangi ning bocah-bocah karang taruna. Dengan rasa kula puniku tekun, baik sereng batur kula, sereng Suaibi, sereng sing sanes-sanese mengenai niku berusaha. Terus kula ngederebeni inisiatif bahwa ning riku niku menge-nai pembayaran listrik puniku atau daftar pemakaian niku, ning bank-bank wenten rasane tembusanane. Jadi kula niku linggar ning bank, bank BNI empat enam, bahwa kula menghubungi salah sios dulur, enggih

puniku setaf atau pegawe sing ngedamel ning BNI empat enam, enggih puniku Bapak Rafiudin Ishak, la niku sing ngebantu kula terutama dalam kelancaran kanggo pembayaran niku. Alhamdulillah, daftar pemakaian puniku sing daftar pemakaian meteran niku, karna meteran niku boten bangkit ditangtokaken sereng abudemen bangkit kejebol. Istilahe, te-
 nuning dengan jalan kepripun, kula boten menguningi bahwa hubungan antara Pak Rafiudin sereng Bapa Kepala BNI 46 niku kula boten uning masalah puniku. Sing penting kula puniku inisiatif kula niku, atau jalan puniku kula berhasil kangge menanggulangi masarakat sing waune ekonomi ne lemah. La rawuh puniki, sing kula pendet, enggih puniku kula umumaken ning masarakat bahwa daftar pemakaian sing wenten ning bank, enggih puniku segala napa sing PLN sampun bangkit kebakta, lan kula umumaken ning masarakat bahwa kangge pembayaran puniku bangkit melalui Saudara Ilah Sufilah, enggih puniku artine bangkit masarakat sing ngenge meteran atanapi abudemen, wenten daftare janten pinten pemakaian kawehane pinten pemakaian duite sing ayun dibayaraken. Nah, tapi ning riku berkat karna sereng Pak Lurahe sing Kramat Watu ughah ngebantu ngedorong terus masalah puniku karna sebagai pembimbing daripada karang taruna kula puniku terutama Kepala Desa enggih puniku Lurah. Jadi kula bangkit ngisungi uning ning masarakat bahwa ning riku di samping pembayaran sing dikeluaraken ning PLN niku, enggih puniku kangge bayar ning bank, kula cuman enda *transport*. Istilahe *transport* niku kangge wang lelah atau uang kangge kas kula, sebagai istilahe kangge pemasukan ning kula. Tetapi kula boten begitu, artine boten dipendet sedanten. Dalam per orang, dalam per jiwa, artine sios uwong sing mendafta ning kula puniku dipungut seratus rupiah kangge *transport* atanapi uang lelah. Tetapi niku dede kangge *transport* atanapi uang lelah saos, enggih puniku lima puluh persen kula niku berinisiatif kangge pembangunan masjid kula dewek. Jadi ning riku kula boten mendet sedanten artine seratus persen *transport* puniku diambil sereng kula, boten. Jadi kula mendet sing riku hanya lima puluh persen. Sing lima puluh persen kangge pembangunan masjid, karna kula tingali masjid niku dereng beres saos, niku malah wenten sing diperbaiki, jadi kula mendet lima puluh persen kangge kegiatan enggih puniku remaja sing dibina sereng kula, terutama kangge sarana-sarana sing dibina sereng kula, terutama kangge sarana-sarana sing sanese, upamane olah raga, upamane sing dereng wenten napa, jadi kula sampun berinisiatif karna kula sampun maring Departemen Sosial, rupane dalam Kanwil Depar-

temen Sosial niku rupine dede masalah karang taruna saos niku, katah: masalah PKT, masalah Orsos, organisasi sosial, masalah PSM. Jadi sebenere katah sing ditangani ning Departemen Sosial. La, ning riki juga, masalah niku LKK istilahe, alhamdulillah berjalan lancar. Di samping puniku kula gah minggu burine niki ngirim kangge ning Departemen Sosial niki, dede karang taruna niki, karna sing diminta niku, sing dienda, ning Departemen Sosial Bandung puniku, mengenai Orsos, istilahe, organisasi sosial. Nah, kula gah ngirimaken kangge penataran, pembinaan istilahe ngisungi cara-cara mengenai keorsosan ini, niki, utamine organisasi sosial, terutama kangge masarakat ughah, enggih puniku kula ngirim sios uwong sing dikirim puniku ning Cibaluit, Ciambuluit. Sebanyak niku enggih puniku selama pitung dinten, langsung marani ning kantor, enggih puniku kantore niku ning Jalan Naripan, kalau boten salah niku ning Jalan Naripan, enggih puniku kangge masalah rupine masalah penggantian *transport*, penggantian makan minum. La, kula puniku merasa gembira lah atas istilahe jerih payah kula sing waune diangen-angenaken niku sing diangan-angan kangge memajukan masarakat, terutama desa Kramat Watu, walaupun artine boten sampe memuncul seratus persen, tetapi istilahe enam puluh persen mah rasane sampun bangkit kula unggahi, baik niku kangge segi enggih puniku kerohanianane, niku masalah karang taruna niku seminggu sepisan niku rutin. Tetapi semenjak taun delapan puluh, puniku boten salah mah tas lebaran niki, lebaran puasa, karna mungkin bocah niku kepripun, rupine kegiatan puniku sampun mengurangi atau kirang. Waune mah setiap minggu niku tiap malam Kemis diadakan pengajian mengenai kerohanian baik sing ngisungi niku Bapak Wedana Khasuri niki, sing setiap malam Kemis mendampingi kula, terus Bapak Sarwanine, baik niku sing Tripida mengenai masalah keamanan, istilahe ketertiban dan keamanan, Kamtibmas, lan malih mengenai masalah niki, masalah penerangan, enggih puniku masalah penerangan-penerangan sing diisungi saking istilahe Dinas Penerangan, lan ughah masalah sing seksi keolahragaan. Niku sampun rutin lah, karna ning pundi-pundi mungkin memasalahkan anak muda, terutama ning dalam segi kehobianane niki, enggih puniku dalam segi olah raga, enggih puniku alhamdulillah, olah raga sing berjalan niku terutama sepak bola lan kekalih *volley*. Niku sing berjalan rutin antara sarana olah raga sing dibina ning karang taruna. Sebenere mah katah tetapi sing menonjol antara dua puniku enggih puniku maen bola sareng *volley* bal. Anggotane puniku kirang langkunge sekitar enam puluhan.

Itu terdiri dari yah sereng penguruse lah, pengurus, baik niku sereng wadon atau lanang, niku anggotane sekitar enam puluhan. Nah, tapi karna dalam taun-taun puniki wenten, napa istilahe, banyak organisasi-organisasi sanese lah, terutama niku enggih sing waune boten, napa istilahe, boten ilang sabenere mah, lagi pakem, umpamane AMS, AKMI, terus masalah wenten ning napa arane, PSMS, PSM, terus masalah ning Trimuda Jaya, niku wenten grup-grup istilahe sing sanese. O yah, la niki, jadi rupine bocah niki, rada mengirangi. Jadi otomatis kegiatan kula puniku sing kula omongaken kangge dalam niki rada mengirangi, lah. Terutama, istilahe sing waune berjalane ning pengajian kangge taun niki pakem kegiatanane niku. Tapi sing berjalan, niku ning karang taruna niku terutama sereng olah raga, terus jahit-menjahit, niku lagi berjalan, enggih puniku sing waune hasil pengiriman sing Cibabat puniku artine bangkit dimanfaataken. Cuman rupine kesenian sing diberikaken, sing disungi Departemen Sosial, umpamane calung, niku dereng kula pergunakan, masalahe calung puniku ning daerah puniki karna Jawa masalahe niku. La lamun kosidahan mah rasane niku berjalan, tapi niki saranane niki, istilahe alate niki dereng wenten. Tetapi lamun istilahe waune nika sesuai sereng permintaan kula, sing wau diajokaken ning Departemen Sosial, cepe kula niku berhasil lah niki. Dadi niki mah rupine sing rika nika, calung geh diisungi, jadi ning riki boten bangkit kangge digunakaken. Sebab kepripun yah, endel kayane. Kaku, koten niku, kangge ngucapaken basa Sundane niku. Apa malih istilahe Sundane niki kan Sundane, yah istilahe 'kadek dia' lah, koten. Enggih tah? Jadi, boten bangkit berjalan. Jadi wenten amilate tapi boten bangkit dipergunakaken. Paling-paling kangge der troktok wong ronde niku, dipergunakakene, tuktak-tuktake niku, lagi wulan puasa niku saur niku. Jadi manfaate mungkin ning riku regele. Tapi cepe kula dede ning tempate niku masalah calung niku.

B. Lokasi: Kecamatan Cilegon, Kabupaten Serang

Informan:

Nama: Amin

Umur: 28 tahun

Pekerjaan: Karyawan PT Krakatau Steel, Cilegon

Tanggal perekaman: 30 Agustus 1981

Jadi ceritane mah Ka Ucu ki mengenken kih:

Entas manakiban, kita kun ora enak yen ora ngelaporaken ning Jakarta, kerana ana amanat kuen, yen anu kuh, apa kuh, Ajengan Ruhiat iku lamun seumpamane deweke melaporaken sepihake doang, iku ora enak, jigah kuh embokan kita darani ngewadul masalah keluarga atawa apa, ora enak. Wis, seiki Amin merana bae sih. La kebeneran kerana kitani lagi ana keperluan masalah usaha maning, jadi tak anter karo kita kun ning umahe Ka Ucu. Wis tekang kana laju kuh, tekang kana ketemu karo Teh Lin. Ka Ucune lagi laka mungkin lagi maen tenis, mungkin lagi ning endi lah. Ora ning luar negri mah. Jadi ceritane ngobrol karo Teh Lin. Pripe, jeh, keadaanane manakiban. Alhamdulillah, jereh kita, wis berjalan manakiban mah. Cerita-cerita karo Teh Ucu kuen, ai Teh Lin, masalah perkembangan anu, masalah perkembangan manakiban kuen. La tak ceritakaken jalane. Pertama dina Kemis iku manakiban ning umahe Pa Sofyan. Sentase kuen terus ngamanataken ning Kartiwa, Residen Kartiwa iku, Residen Banten. Malah sing Ka Ucu, kudu ning umahe Pa Cucung. La sing kana Amin mah ora milu, ngan sing milu kun Mang Wawi, Ajengan Ruhiat, Yadi, nyamper ning umahe Pa Cucung, karo Pa Cucung berangkat sing kana kuh ning, sing umahe Pa Cucung iku subuh lah, ning Pa Kartiwa, Residen Banten. Kebeneran ana keperluan Residen Banten iku arep berangkat ning Rangkas, embuh ning Pandeglang. Jadi bisa ketemu mengko kira-kira jam papat sore merene maning bae, kuh. Jadi ceritane balik maning. Jam papat sore merek merana. La barang balik masing ning Pa Kartiwa diterima karo keadaan baik, lah konon kuh. Mangka-mangka sampe tekang ning jam Magrib, ragem-ragem berjamaah ning kono. Tas berjamaah ning kono, terus ngobrol-ngobrol, pripe keadaan manakiban ning Serang iki, lamun bisa mah diadakaken ning Serang, tawaran ning Pa Cucung. La Pa Cucung kuh, waktu iku urung nana jawaban, cuma geleng-geleng kepala doang, uleg-uleg anu, uleg-uleg endas, tapi laka jawaban. La akhire, karane Residen Banten iku arep nana undangan, ning Krakatau Steel, jadi ragem-ragem balik

ning Krakatau Steel kuh, ragem karo Mang Wawi, karo Yadi. Pa Ruhiat balik ning umahe Pa Sofyan. Jadi Residen mah ning Krakatau Steel, ari Mang Wawi karo Yadi mah ning umahe Pa Sofyan karo ajengan iku. Terus salat Isa maning berjamaah ragem-ragem ning umahe Pa Sofyan iku. Sing umahe Pa Sofyan terus Mang Wawi kun kepengen balik karo Yadi. La balik ragem karo Yadi. Tapi Yad, yu kita ning umahe Amin bae, ceritakaken masalah sing Residen iki mengkenen-mengkenen. Jadi sing umahe Pa Sofyan iku ragem karo Yadi menuju ning umahe Pa Ustad Hasun. Kita ragem-ragem karo Ustad Hasun, yu ning umahe Amin, konon. Jadi nyamper Ustad Hasun terus ning umahe kita. Ustad Hasun kene, sing wis ditatar ning P empat, ning Tasikmalaya kuen. La merene ngobrol. Diceritakaken laporan sing mau kaen lah, konon. Jadi kita mah diutusaken mengenai iki, manakiban kanggo ning umahe Yadi kien, malem Saptu kien. Jadi dibentuk, ning kono kun, susunan anune, apa, susunan acarane. Protokole kun iya Pa Ustad Mangsur, ai Ustad Mangsur, Ustad Hasun, protokol, terus sing ngaji Amin, la sambutan karo sahibul hajat, la iya Yadi, terus maca tanbih, oleh-oleh Mang Wawi, Mang Wawi maca tanbih, tas maca tanbih terus acara ..., apa kan yah, ... maca manakib karo anu, karo Ajengan Ruhiat. Tas maca manakib Ajengan Ruhiat iku dilangsungkaken karo da'wah Islam sing diisi karo Ajengan Ruhiat maning sekaligus. Wis selesai sampe tekang ning jam setengah rolas lah, selesai, setengah rolas bengi. Kurang lebih sing hadir iku iya ana rong puluh lah antarane wadon karo lanang. Iku sing ihwan kabeh, laka sing ora ihwan, ihwan kabeh. Entas acara selesai da'wah, mulai dianakaken tanya jawab, antarane masalah kenegaraan karo masalah sing diterangkaken ning Ajengan Ruhiat. Iku mah nana sing ngejawabi mengenai negara dipingpin karo Kolonel Memed, lamun sing mengenai masalah agama kuh ning Ajengan Ruhiat. Waktu iku sing nakokaken masalah kenegaraan, Yadi, terus dijawab karo Kolonel Memed. Terus, tas, kerorone nakokaken, Amin, masalah pemerintahan maning. Dijawab karo Pak Memed. Barang wis mengkonon, ceritane karna sampe ning jam sijaan, jadi acara ditutup, karo didoani karo Mama Ua As, Mama Ua kita, Asmawi. La wis doa mah beres. Iya masing-masing sing balik dianteraken karo mobil, ana mobile kih, mobil dulur, gonah nganternganteraken ..., la sing lanang-lanangan mah masih ngobrol, tekang ning jam setengah loro. Terus pada balik kabeh. Ajengan mah nginepe ning Pa Memed. Sedurunge nginep iku wis jangji dikit, sapa sing bakale lunga ning Jakarta kih gonah laporan ning Ka Ucu. Kita mah terus te-

rang bae, lamun kita dewek merana ora enak, boka darani sepihak, mengkonon kuh. La jereh kita, kita sekalian arep ning Jakarta wis, arep ana urusan pesenan barang, mungkin sing jelas pastine mah lamun ning Jakarta mah kon nginep, jere kita kun. Jadi karo Yadi kepaksa kuh berangkat, karo Yadi, Ajengan Ruhiat karo kita. Rencanane berangkate ku, waktu bengi-bengi ngobrol kuen, jam pitu, subuh-subuh. Pa Ajengan ku nginep ning umahe Pa Memed, karo wong Sirih, Mustofa, karo baturanane, nginep ning umahe Pa Memed. Sing umah Pa Memed, subuh-subuh kerana ngantuk tekang umah mah ora bisa turu setengah telu. Jadi barang turu-turu yah sekitar jam telu lah kita kun. Tangi-tangi subuh, jam nenem, kawanankuh. Wong terekat je kawanankuh, ora kena kudune kun yah. Wong terekat mah kudune sedurunge bedug wis ngamal dikit tangi kuh. La wis arane wong enom kaen puguh yah. Sebenere mah kurang iku kuen doang. Yen terekat-terekat iku kudune mah wong wis tua, sing kudu ngamalaken iku. Sebenere mah bocah enom mah waktune doang kuh sing gawe berat mah. Tapi gah, masalah mengkonon iku, yen jereh Amin mah, ringan sebenere mah terekat iku, cuman, enya kita jangjine jangji karo Pengeran kih, yen ora dilaksanakaken kaen la iya iku mah kitane dosane karo Pengeran, dudu karo uwong iku mah. Tapi gah Amin mah ning uwong kun ora ngajak-ngajak, boka kesalahpahaman, darani ajaran baru atawa ajaran apa. Paling-paling Amin mah ngajak iku ning dulur-dulur. Sira yen pengen dadi wong bener, sing pengen diampuni karo Pengeran kuh, manjinga sira ning terekat, sing bener-bener, iya enja ora berat iku ngamale, satus sewidak lima paling gah yen ana penting kaen cepetane kan paling gah sepuluh menit lah ngamal iku, satus sewidak lima wiridan iku, dikir kuen. Kebeneran yen penting sekali, penting beneran ana tamu sing ora bisa ditinggalaken, la iku cukup karo telung balen doang tas salat iku, dikire kuen.

Telung balen tapi kita due utang kuh, mengko waktu Asare tah diragemaken, konon kuh. Iku ora husus kudu Magrib doang, setiap waktu kun, satus sewidak lima kuen. Wong iku mah jangjine jangji karo Pengeran sih, ning anune gah ning Kurane kuen wis diterangkaken ning ayate kun ana ning surat Fath kaen. Ayat pira ba kuh.

– Maksude subuh, lohor, asar, maggrib, isa diisi kabeh.

+ La iya diisi kabeh tapi satus sewidak lima.

Ora kena ... Iki mah setiap waktu satus sewidak lima.

Yen satus sewidak lima kali limang balen iku pira, konon. La pokone mah iku mah lamun ketinggalan kudu kodo, kudu dianukaken, dijang-

kepaken, umpamane dohor, waduh akeh tamu, telung balen, la kita duwe utang kuh satus sewidak lima kuh, lamun asar kuh telung atus telung puluh, konon. Sedina sewengi la ditambah maning, konon kuh, pira kuh, konon iya. Jadi Amin mah ora berat. La kita mah wis pirang-pirang balen gah ngomongaken ning Wa Cucung kuh sing pada tua-tua kuen masalah terekat iku sebenere mah ora berat iku, apa maning uwa-uwa kita mah jereh kita wis pada pengsiunan. Apa sing dianokaken maning wis, jereh kita kuh. Yen jereh dulur semono ngajak baiki kuen, Wa Ucu kuen ngekon manjing ning terekat iku, terimanen bae, konon iku. Sekudune gonah ibadah iya ibadahe mamange masing-masing gonah ngegawa ning aherate endah aja dunya bae, konon kuh. Iya dulur mah rupane mah wis anu lah, wis cukup lah nganokaken iku, ngedorong-dorong iku, tapi wong dasare urung nana kemauan, urung nana kesed, jadi gati, wong terekat kuh dasare kudu dasar kesadaran, lamun laka kesadaran mah gati, kuh. Enggo kita dipaksa-paksakaken medarati ning badan dewek, kuh. Lah kita mah milu bae, jeh, ora kena, kun. Efeke ala, sih. Jadi kita gah sebenere mah wong masih enom, tapi wong kita mah tak itunge mengekenen, wong terekat iku tak itung ringan lah jereh kita mah amalan semono kuen kuh, ora sepira berat. Terus cerita mau kaen kuh yah, nerusaken nika. La, jadi barang subuh, kawanan kita kuh jam nenem kuh. Barang kawanan, kira-kira jam pitu kita kuh urung mangan, iya, jadi disusul dikit karo si Yadi. Wah mau bengi ngomong arep jangji wis jam subuh, wis kawanan kih. Wi, jereh kitane yah wong mau bengi kih turune jam telu, jereh kita kuh, wis kita mah ma'lum bae. Wis mangan mah ning umah bae ning kana. La berangkat karo Yadi kuh. Mangan ning umahe Ulis. Barang ning dedalan ketemu Pa Memed karo Ajengan Ruhiat iku wis munggah mubil, nonggoni ning Pa Sofyan. Wis, jereh kita, nonggoni ning Pa Sofyan be kita arep mangan dikit, jereh kita, ning umahe Yadi. Mangan ning kana. Wis mangan berangkat. La barang berangkat iku la iya ning umahe Pa Sofyan iku masih nana Pa Ajengan Ruhiat iku. La ngobrol karo Pa Memed. Wis ngobrol kira-kira tekang jam sanga, waduh kita kawanan arep ning Jakarta kih. Wis gah kita berangkat bae gah arep ning Jakarta kih. Jadi Pa Memed kih nyampeaken ama iku hataman terus. Der, kuh, hataman. Tas hataman, peragat kaen isa hantem maning dikir maning, wis peragat dikir, beres, laju ngobrol karo Ucu. Berbincang-bincang masalah iya laporan sing kita kaen tak laporaken, wis diterima karo Ucu, konon, la Ajengan Ruhiat ngelaporaken. La jadi wis diterima karo Ucu la wis nuhun lah. Cuma, kita usul waktu kuen

kuh, pripe lamun ning Cilegon iki diadakaken, kerana ihwane kih wis wakeh, endah nana tanggung jawabe, laju maning bisa terorganisir lamun nana wadahe mah, endah aja kita ngamal bae, barang anak yatim piatune mah tetep bae ora diurus, iya, jadi engko kenang sorotan, konon kuh. Ari wis ana wadahe mah jereh kaen gah kan gelem uwong-uwong kuh. Jadi usulan kita kun karo Ucu kun ditanggapi. Memang gah kekuduanane sembarang kaen gah wis akon, anu kuen, wadah kuen karo Abah gah, lamun bisa mah wadah iku wis ning Serang bae. Masalah kegiatanane mah masing-masing bae konon kuh, ning Serang, endah aja mangan biaya, ora usah kita kuh motong-motong kambing, jah iya, nyembeleh-nyembeleh wedus, sebabe lamun mengkonon boka engkone kebiasaan. Padahal sing kana mah ora akon mengkonon. Lamun cuman kerana ning daerah Banten mah wis kebiasaanane mengkonon, artine, yen tas diundang iku sembarang sore tekang ning isa ora dinei mangan kun rasane ora enak dewek sing duwe hajat iku, sing ngundang iku. Iya kepaksa anu lah, nyembeleh wedus segala lah, konon kuh. Ceritane la iya mengkonon doang, kuh ... Masih wakeh, iya?

– Terus be, ngobrol apa maning, ora papa.

+ Masih wakeh, tapi kitane kin anu kin, arep balik maning kin ning kantor, kin. Kitane kin lagi istirahat, iki. Ora enak kitane. Ora papa lah. Wis endah sih ora papa. Cuman balik maning kan ning kantor kan istirahat jam rolas, balik setengah siji sebenere mah.

– Wis jam roro kin.

– Ning KS sih, aman pegawe negri mah. Wong KS kan, negri iya embuh negrine. Yen dirapihaken karo negri sih, pemerintah. Kita gah due jangji sebenere mah ning *supplier*, kih, ning kantor, kih, jam siji, jereh kita, lah wis endah dinengaken be lah. Kebeneran ana dulur, la maliya kitane arep ninggalaken, ora enak. Coba gah, mengko lamun teka mah digawa sih ning umah kita, jeh, konon kuh. Pernah apa karo sira? La jereh kita, dulur iku, kakang, jereh kita kuen, maliya ora kenal, uwonge pendek persis kaya mas kendro cuman kaen mah rada pendek pisan. Ketemu, wis tak sampeaken. Akon ning umahe jigah. Dadi wasit tah? Ora ngelatih?

+ Jadi wis ning luar negri segala?

– La iya gah wis pengalaman kien mah. Mandane kita mah. Waduh kita mah ning umah bae

C. Lokasi: Kecamatan Taktakan, Serang

Informan:

Nama: H.M. Hasuri

Umur: 57 tahun

Pekerjaan: Pensiunan Wedana

Tanggal perekaman: 29 Agustus 1981

Situasi jaman siki kuh wis beda karo jaman bengen. Perobahan keinsafan, kesadaran manusia iku wis bedane adoh, lah. Berfikire wis meningkat, waktu dibandingaken taun lima puluh ka tujuh puluh, dimine. Durung meranakaken iki ning delapan siji kih. Tembene fase sedurunge orde baru iku wis ... antara orde lama karo orde baru kuh wis tangeh, berfikire manusa kuh, terutama sing dialami ning masarakat Kecamatan Taktakan, waktu Khasuri iki jadi jertulis Taktakan. Jadi seperti desa Pancur sing tersohor kriminalitas lebih tinggi, atau desa Sepang lah sing menusane iku durung sekolahan, malah sekolahan gah masih setitik, gurune gah keluarane kuh keluaran SD doang, dudu saking keluaran ... apa arane kan? ... dudu keluaran saking SMP atau dudu keluaran sekola lanjutan lah, apa maning sekola La ning kecamatan-kecamatan iku ngaran sarjana itu durung ana, pada saat itu. Ana gah sarjana iku sing Bandung, ya sing didrop ning Kabupaten Serang iku. Tapi kesarjanaan iku sedurunge IAIN atau AIA Serang iku. arane perguruan tinggi ning Serang durung nana masalah-masalah pendidikan sing tertinggi lah. Setelah saking artine mah tahun lima puluh atawa nem puluh lah, enem puluh ke atas baru saking desa-desa, saking kampung-kampung iku mulai mengeluarkan murid-murid sing sekola lanjutan. Umpamane saking Taktakan mau kaen atawa saking Mancak, sing daerah begitu rawan lah dalam pendidikan. Tapi sampe merenekaken iku, napa malih sing digunakaken orde baru iki, la wis nyebrung, lah para sarjana-sarjana iku, baik sarjana teknis maupun sarjana administratif. Lan wis ngeluaraken pirang-pirang saking kecamatan-kecamatan sing paling plokso lah, umpamane Gunung Sarine, iku wis akeh bocah-bocah sing keluaran-keluaran SMP, SMA, STM, lan SMEA, la akeh. Jadi, pemuda-pemuda kita wis wakeh ning desa-desa, malah di dalam lapangan kerjane la iki sedang menuntut, baik itu soal PT Krakatau Steel atau lian-liane sing ana ning daerah kabupaten Serang, ingin bekerja. Tapi tujuan mah saking bebengen-bengen ika supaya budi pekertine luhur lan pengetahuane lebih tinggi sampe aja ketinggalan jaman. Jadi, saiki gah wis akeh sarjana-sarjana kuh, malah sing megawe

ning pemerentah, ning swasta iki, SD iku wis ora kenggo, wis ora dipake, kecuali tenaga-tenaga kasar, sedengkan sing berpendidikan sekola lanjutan gah, baik pertama maupun atas itu, rada susah. Jadi, kelayan pemerentah siki mulai disiapkan, kerana wis wajar bahwa kita iki di dalam pemerataan, pemerataan dalam segala bidang. Jadi, masarakat lingkunganane gah kerana wis sering-sering ngetokaken atawa berkeinginan anake pinter, supaya meninggali warisan ilmu maring anake iku, ora ragu maning yen wong tua-tua saking bocah-bocah mau sing dietokaken kanggo sekolah ning kota-kota, bahkan seiki untuk tiap kecamatan wis nana sekolah lanjutan ugah, iku wong tuane iku kerana kegawa-gawa ning anak jadi menginsafi ugah ikut belajar. Sing diarepaken pelajaran iku, baik oleh ibu-ibu sebagai tokoh masarakat, atawa kelawan organisasi-organisasi lainnya, seperti pengajian sing dibina untuk keselamatan dunya lan akherat, iki wis menyeluruh. Tjep-tjep kampung, tiep-tiep lingkungan, lanang atau wadon, ning madrasah atawa ning langgar, mempunyai kegiatan-kegiatan. Jadi, alhamdulillah, dengan pembinaan pengalaman-pengalaman atawa penyiaran-penyiaran, baik dengan media, atawa dengan penyuluhan-penyuluhan, dengan televisi, dan sebagainya, iki wis, masarakat wis menyadari, menginsafi perlunya bidang pendidikan. Mengkonon maning anjuran-anjuran sing digawakaken saking fihak-fihak para kiyai atau fihak pemerentah, sebagai ulama lan umara, iki wis menaati, terutama dalam bidang pendidikan, kebersihan dan keinsafan gotong royong. Wis dapat dimengerti yen pemanfaatan dari gotong royong itu sendiri, manfaat sing sebesar-besare lan dipikir-pikir tetinggal nenek moyang kita sing ora kena dilepasaken. Apik maning anane pembinaan dalam bidang sosial. Lan ikulah, jadi ketengtreman masarakat iki dapat dinilai dan bisa mengatasi ing dalem kecekocokan-kecekocokan lingkungan, atawa di dalam bidang iri hati atau kehasudan-kehasudan sehingga rasa uhuwwah, apik maning sing bersifate famili, ... karo wong lian gah dalam lingkungan iku wis laka ini itu, berarti menginsafi dalam menuju ke arah kesejahteraan, untuk menuju adil dan makmur, laju di dalam bidang usaha, usahane masarakat Kramat Watu, meskipun laka sing disebut sugih lah, atanapi hartawan, lah, apa maning jutawan mah, tapi bisa ditasakaken kelawan dibandingaken kelawan tahun-tahun sing wis dikit, berarti taun-taun waktu orde lama karo orde baru siki kih, wis bedane jauh dalam bidang usaha. Apa maning masarakat Kramat Watu siki keramaian saking penduduk-penduduk saking luar asli Kramat Watu, sing nana berkompleks ning PHI, atawa sing ning perkampungan iku, peru-

mahan masarakat, sing ora berkompleks ning PHI, iku wakeh wis, sampe bertambah lingkungan Kramat Watu iki, menambah RT rong RT lah. Asale nem RT kampung Kramat Watu kuh, sampe bisa ning wolung RT, kerana pendatang baru sing berkompleks ning PHI, atawa wong sing bocah-bocah atawa wong-wong iku dulur-dulur sing megawe ning KS. PT Krakatau Steel. Sehingga kerana pasar, sing dipandang ning Kramat Watu kuh pasar desa, iku bisa lumayan, untuk pungutan salaran untuk administrasi desa, kelurahan desa Kramat Watu. Lan keinsafan antara pendatang baru lan masarakat Kramat Watu itu dapat dikatakan tidak ada percekocokan, sehingga rukun, meskipun ning Kramat Watu iku beragame ning kompleks ... iku dewek, berlainan agama. Ana sing agama Kristen, uga lan Islam jojong. Sehingga ning kompleks KS ana kun dianakaken anjang sono, sering-sering dianakaken hari-hari peringetan, baik peringetan nasional maupun peringetan agama. Ahli-ahli pabrik KS kun bisa berkumpul, mendengarkan lah, istilaha, uraian-uraian, keterangan-keterangan daripada mubalig atau penceramah. Sehingga lamun dibandingkan baru tahun ikilah ning pihak PHI kalawan masarakat Kramat Watu dianakaken halal bi halal, sampe ditekani saking presiden manajer Krakatau Steel segala. Kerasa dipandang, dirasakaken kelawan beliaubeliau iku, kerukunan iku nampak kelihatan. Mudah-mudahan pada tahun yang akan datang lagi bisa menyeluruh. Yaitu tandane sebagian doang saking karyawan, durung harian saking PHI itu sendiri, sing berlokasi ning Cilegon. Sing dianakaken pada halal bi halal Idul Fitri iki ning kompleks perumahan PHI ning Kramat Watu, sing berdomisili ning kene. Jadi semalah anak-anake kuen uga ngeramaikan dalam bidang pendidikan, baik madrasah, SD, sekolah taman kanak-kanak, lebih maju, sehingga Haji Hasuri sendiri sebagai ketua Yayasan Pengurus Sekolah Taman Kanak-kanak Al-Khairiyah berusaha untuk memenuhi kebutuhan bangku-bangku tersebut, kerana muride kuen, selain daripada sing wis dikeluaraken mendapat ijazah, karena saiki iku sing ulih, diterima ning SD iku, iku saking keluaran taman kanak-kanak, sing dipandang mengko tidak susah payah untuk menerimanya dan memberikan pengertian waktu mulai manjing SD. Jadi, alhamdulillah, kelawan keinsafan dan usaha tersebut berhasil, sehingga anane kelancaran. Cuman kita memikiraken tenaga honorer gunah guru iki masih minim sekali. Minim sekali ing dalam kebutuhan-kebutuhan. Ya, mudah-mudahan lah dengan nilai-nilai sing dilakokaken kelawan masarakat kita ning Kramat Watu, sing bercampur kelawan komplek-komplek PHI iku bisa ngejadiken rame, bisa

ngejadikan ... masa-masa yang akan datang. Lan gampang pembangunan ning lingkungan masarakat Kramat Watu iki, kerana alhamdulillah, wis pada mengerti ing dalam menerima pengertian-pengertian saking tokoh-tokoh masarakate, sing ora bosen-bosen kanggo membina agar kesejahteraan fiddunya wal akhiroh iki kelawan kita bisa tercapai. Rasane semongko gah wis cukup iku. Wis semono be lah ...

D. Lokasi: Kecamatan Bojonegara, Serang

Informan:

1. Nama: Mustabak

Umur: 21 tahun

Pekerjaan: pegawai honorer kantor kecamatan

2. Nama: Lela Sulaela

Umur: 19 tahun

Pekerjaan: pegawai kantor kecamatan

Tanggal perekaman: 29 Agustus 1981

Alhamdulillah, nama kula niku Mustabak, umur dua puluh satu tahun, nama orang tua Rafei, enggih niku masalah kegiatan ning Sumurange niku enggih niku masalah pertanian, maka niku alhamdulillah setiap taun, masalah pertanian, baik masziah niku pertanian kacang-kacangan maupun lainnya, iku setiap taun i'ku weten. Maka musim seniki, musim kacang, kacang ijo. Alhamdulillah, kacang ijo niku seniki dados, mengaten bosok sedanten. Sebab-sebab: udan kireng, terus panas niku terus-terusan.

— Lamun ning Bojonegara kan 'kirang', lamun ning Sumuranja 'kireng'? Mau kan Mustabak kan ngomonge 'kireng'. 'Kirang' tah 'kireng'? + 'kirang' tah 'kireng' sami niku ...

Maka niku enggih seniki niki ning desa Sumuranja, musim ketiga, sampe ngangsu gah rong kilo jauhe, adohe, sampe lanang wadon sing kadang-kadang sing boten adus, ... Jadi susah masalah banyu niku, tetapi masalah pertanian alhamdulillah setiap tahun niku buah-buahan wenten, tapi seniki buah-buahan enggih kirang, boten sewaktu taun sing kerihin.

— Jadi sebenere, desa Sumuranja niku desa sing paling parah masalah banyu. La niki sing tingkat propinsi gah sampun uning, lan seniki niki sampun disungi, rencana ayun disungi sumur artesis, waune sing diusulkan, barang antuk ja pam, penampungan air hujan nika enggih. Sing di-

enda mah sumur artesis, dipuni nyumber koten. Karna ngangune niku wau nika lebih saking rong kilo. Sedeng lamun usaha pertanianane mah memang terpuji niku ning riki niku. Sumuranja niku lamun untuk tingkat kecamatan Bojonegara niku sampun termasuk daerah sing maju, karena ning riku sampun katah sarjanane, koten, dokterandese, SH-ne, insinyure, komo lamun B.A. mah, boten sih katah mah, puluhan mah lebih lamun B.A. mah.

+ Saking jalan gede ning kampung niku tebih?

– Boten wenten sing damel sumur koten?

+ Wenten, wenten, tapi asat...

– Lima belas meter enggak keluar aer, coba bayangin.

+ Memang Bojonegara, terutama bagian pantai, soal banyu sing paling parah. Kerana seperti contone niki pemerintah ning riki niki pernah damel sumur artesis, enggih, niku sampun digali sembilan puluh enam meter, kedalaman sembilan puluh meter, tapi tidak menghasilkan air yang diharapkan. Jadi, lalu asin, maler asin. Niku sampun kedalaman sembilan puluh enam meter. Jadi banyune boten medal tekang seniki. Sing rugi niku waktu pembangunanane, padem sios, sing sios kejepit tangane, tugel.

– Senajan wenten gah banyune niku hambar, enggih?

+ Niku susahe sing terutama Bojonegara niku banyu, terutama bagian pantai. Tapi lamun ning rika, manjing ning pedaleman Wong Bojonegara saos ning riki lamun ngangsu niku lamun sampun kemarau kemarau panjang niku merika, sampai dua tiga kilo ke sini.

– Terus dongeng, Bak. Dongeng apa bae lah. Pokoke ana kalimate.

+ Kalimat khusus bahasa Sumuranja.

....

– Jadi, saene mah mengketen saos sih Pak. Jadi Bapa dipuni uning daerah. Memang perbedaane wau kula sampun gambaraken, desa miku sing kira-kira anune menyolok niku dalam pengucapan, dede dalem anu. dalem lentong. Niku Bojonegara, lamun merikane niku Banyuwangi, terus merikane Sumuranja, niku rada beda cara penyampean omongan niku. Lamun ning Bojonegara 'merene' kuh, lamun ning Ragas ku 'merini'. Lamun ning Bojonegara 'arep merono', lamun ning Ragas 'arep merunu'. Tambahe maning 'lah', lamun ning Bojonegara 'la tah', ning Ragas 'la lah'

+ Sampun due rabi?

– Dereng. Masih bujangan. Puguh ning riki niki sambil menanti lo-

wongan kerja. Jadi secara sukarela ngebaktekaken diri ning riki, ning kantor kecamatan. Jadi, tenagane tenaga sukarela, kalerasan wenten ayun Pemilu, jadi dipendetakan sing Pemilu. Iya cuman setitik. La wis asal kangge karis saos, koten. Napik beku ning geriane. Wong sing SMEA pada beku. Ning riku sing SLA niku sing ngebaktekaken secara sukarela niku wonten bocah lima, Pak. Gajihe memang keleresan wenten sing Pemilu, sing PPS sereng ... la iya alhamdulillah, paling sewulan nerima limang ewu, nem ewu koten. Lan di antarane niku wenten rejeki-rejeki liane.

(Margariri)

– Arane sinten?

+ Kasihe Lela, umure sembilan belas tahun, lulusan SMEA, taun delapan satu niki. Pegaweanane ngebanu saos. Asale mah sing geriya saos, ngurusi kelakuan baik, ayun ngelamar, koten, ning pundi saos nge-lamare mah. Barang ning Resort boten diterima, boten wenten fotone. Kulane ngebaso kerihin. Soale dereng dahar je sing geriane.

– Laju bayare pinten niku?

+ Empat ratus tah tiga ribu cepene nika. Cepe ibu guru mah tiga ribu.

– Jadi, Lela niku asale sing?

+ Kula sing desa Margariri, kampung Dukuh.

– Sekolah SD-ne ning pundi?

+ Ning SD dua, Sumber Gading, ning Margariri, kecamatan Bojonegara. Lengkape Sulaila Surya Mangsurdikata.

– Garan gah akeh omonge.

– Jadi, bapane niku damel tah?

+ Seniki mah boten medamel. Asale mah biasa, nelayan, koten.

– Katah sing Margariri ning nelayan niku

+ Katah.

– Jadi, nelayan niku istilahe damel napa?

+ Bagan, jaring, terus payang Tapi seniki lagi musim payang, niku.

– Napa payang niku?

+ Niki, jaring sereng perau. Seniki mah sampun wenten Kubota. Asale mah ngenggene nika ning laute sareng dayung saos, koten, ragem-ragem. Seniki mah kan sereng mesin, enak. Bapa kula mah numbasi saos hasile, direbus, damel gesek, diwade ning pundi koten. Mama mah ning riku, ning Bogor, ning Jakarta, dibaktane. Lamun gesek tawar niku eng-gih ning Serang.

– Jadi, Lela niki asal sing cilik-melik mah, istilahe, ning Margariri

niki, enggih, asline, lah. Sampun pinten wulan ngebantu ning kecamatan?

+ Telu mah wenten kayane, enggih. Telung wulan kurang lebih.

– Patang wulan pantese, enggih Boten wenten niat cita-cita kangge guru, koten?

+ Boten.

– Pan, ning SMEA mah biasane jurusan, vak, bangkit saos pan?

+ Tapi jurusanane kan, dede ning vak guru. Jurusan sing SMEA niku jurusan sing tata buku, tata niaga, tata usaha.

– Jadi, sing aneh ning rika niku napa, ning Margariri.

+ Sing aneh napane?

– La, ... umpamane jalane maler

+ Sing aneh mah, enggih, terutama niku, banyu. Margariri niku. Lamun usim boten udan saos, pada kuning sedanten.

– Napane sing kuning?

+ Banyune. Karatan nika. Seniki lagi

– Jadi, sok nginum sing pundi mendete?

+ Ari, khusus kangge banyu nginum mah koten sing rika, sing Kibolang.

– Tebih tah Kibolang niku?

+ Kibolang? Kira-kira lah telung kilo, wenten. Maler wenten ning Margariri.

– Napa niku ning Bolang niku, sumur, napa?

+ Sumur.

– Gede?

+ Biasa saos. Khusus kangge air minum.

– Jadi sedanten sing Margariri mendete sing rika?

+ Enggih, amun sing derebe kolek air minum mah sing rikune saos. Sing boten derebe mah enggih sing rika

– Tapi, boten sampun coba-coba ngegali sumur, sumur kompa, tah sumur napa saos?

+ Dereng. Tapi pirang-pirang sumur mah sampun didamel. Cuman saos amun ketiga keten, kuning, heran. Amis nika mambune.

– Mambu lemahe, napa?

+ Kirangan, niku napane, mah. Disaring kan lamun sampun kentel pisan nika. Disaring sereng wedi. Kesel nyaringe.

– Jadi, sedanten iku enggih?

+ Tapi, wenten saos sing boten. Tetangga kula gih boten. Tapi rata-rata, koten. Sios kalih sing boten niku

E. Lokasi: Kecamatan Serang

Informan:

Nama: Tubagus Ahmad Suwardi

Umur: 40 tahun

Pekerjaan: Guru

Tanggal perekaman: 30 Agustus 1981

... ngobrol mraka-mriki, ngetan ngulon, napa saos diobrolaken. Tapi akhir sing obrolan puniku rupine, kula gih sampun ngawang niku. Wah, niki pasti wenten maksude niki, Pak Yoyok rawuh meriki niki. Ngan kula tangtos boten ngedalaken cariosan mengkoten ning piambeke niku. Meneng saos, ngerasakaken saos. La, lambat-lambat, sampun ngobrol rasane sampun wenten kinten-kinten sejam, rupine dewekanane niku boten tahan. Ngedalaken maksud sing sebenere ning kula niku. Cape yen dewekannane niku wenten maksud rawuh meriki niku, antawise pengen ngerekam cariosan kula. La enggih obrolan lah sifate mengkoten niku, obrolan ngangege bahasa Jawa. Cape kula ning piambeke niku, la napane ja bahasa Jawa niki, la dede Pa Yoyo niku ngajar bahasa Indonesia tah. La napa wenten tah ning Bandung niku sing ngartos basa Jawa? Iwal saking wong Serang. La enggih paling-paling gah wong Cirebon setitik, mengkoten niku. Nanging Pa Yoyok rupine sampun wenten rencanane mengkoten. Enggih tetap saos ngenda ning kula dipuni kula bangkit ngobrol direkam ning riki sereng basa Jawa, nnggge basa Jawa. gih tetep saos ngenda ning kula dipuni kula bangkit ngobrol direkam ning riki sereng basa Jawa, nnggge basa Jawa.

Oi, enggih, Napa dulur-dulur sing ngerongokaken niki ngartos boten niki? Lamun kinten-kinten boten ngartos mah lah enggih kula enda sereng hormat dulur-dulur niki, dulur-dulur, dipuni sedayane dulur sing ngerongokaken niki, sing boten ngartos basa Jawa Serang niki kedah tetaken. Enggih antawise tetaken ning Pa Yoyok Mulyana, atanapi enggih tetaken ning Pa Agus Hudari, doktorandes Agus Hudari. Napa artine sing kula cariosaken niki. Lamun ning Pa Yoyok mah enggih bakan dulur-dulur niku maklum Pa Yoyok sampun lambat wenten ning Bandung. Ngajare bahasa Indonesia, malih. La, tangtos enggih basa Jawane niku kelalen rupine mah niku. Enja barang diajak basa Jawa niku rada aa-ee-aa-ee, kados, ning Serang mah kados si Marup niku. Tapi enggih mugi-mugi boten mengkoten lah. Kepripun-pripun gih basa Jawa niku

basa ibu Pak Yoyok Mulyana. Enggih, Pa Yoyok, enggih? Napik serikan saos Pa Yoyok lah. Kula mah ngobrol niki, nggih?

Oi, enggih. Punten gih dulur-dulur enggih. Kula niki dereng ngenalaken diri. Dereng ngenalaken singen kula sing ngobrol niki, sinten kula sahabat Pa Yoyok niki. Dipuni dulur-dulur niki uning sinten sing ngobrol niki, sinten sing nyerios niki, la kula gih boten keabotan, boten sungkan, la kula gih ayun ngenalaken dewek ning dulur-dulur sedayane niki. Kula, wasta kula lengkepe niki, antuk ngisungi wong tua kula, sing ngisungi niki, almarhum abah niki, enggih wasta kula niku Tubagus Ahmad Suwardi. La pedamelan kula sami sareng Pa Yoyok, ngan Pa Yoyok mah ning IKIP, ari kula mah ning SMA, mengkoten niku, enggih niku ngajar bahasa Indonesia, tegese guru bahasa Indonesia, SMA Negeri Serang. Kula lahir dinten Minggu, — cape niki gih, kula gih boten uning gih, ngan cape ibu saos mengkoten niku — dinten Minggu tanggal wolu Agustus, tahun sewu sangang atus patang puluh sios. Tempate ning Gunungsari, Kecamatan Ciomas, Kabupaten Serang. Janten kula niki, titel B.A. niku cocok niku: Banten asli. Lantas, salajenge enggih pendidikan kula terakhir niku ngan sampe sarjana muda bahasa Indonesia IKIP Bandung. Lulus tahun enem puluh enem. Sesampune Gestapu.

Dulur-dulur kang kula hormati. Rupine, kula terpaksa niki. Wong Pa Yoyok ngedesek saos dipuni kula ayun ngerkam carios atau obrolan basa Jawa niku, enggih kepaksa enggih kula niku ayun ngobrol basa Jawa. Lan dipuni obrolan niki wenten manfaate, la ayun kula ceritakaken kewentenan pendidikan ning kota Serang, sepuniki, sing taun sengen sampe seniki taun wolung puluh sios niki. Sederenge niku enggih ayun kula ceritakaken kerihin sejarah kula, ya rupine mah bisa dilebetaken otobiografi lah mengkoten niku. Kula, sepertos sampun kula ceritakaken wau, lahir ning Gunungsari, taun patang puluh sios. Kula manjing sekola taun patang puluh pitu. Waktos niku ning Indonesia lagi sibuk perang, enja kula gih ngerasani sekola setaun, sesampune puniku ilang. Dede kulane sing ilang, tapi sekolane marian. La terus taun patang puluh sanga, kula sekola malih. Sekolane terus, boten ning kelas sios malih, wong kelas sios mah sampun taun patang puluh pitu. Taun patang puluh sanga. Sekola taun patang puluh sanga, kelas kalih ning Gunungsari. Alhamdulillah kula niku bangkit nerusakan pelajaran sengen sing taun patang puluh pitu niku, naek ning kelas telu. Taun seket sios kelas telu, sebab taun patang puluh sanga mari malih sekolane niku. Lambat, kirangan pinten wulan-wulane mah, enja barang kula sekola malih kelas

tilu niku taun seket sios. Terus ngalih ning Serang. Ning Serang enggih waktos niku sekola niku boten gati sepertos sepuniki. Sing sekola setitik, la sekolahan enggih cukup kangge nampung, kangge nampi sing setitik niku. Kula manjing niku gampil manjing. La ning Serang niku kula sekelas niku ngan wenten pinten, wenten ya selawe uwong mah sekelas niku. Sampe kelas nenem, ning SD enem niku, kula lulus SD terus kula ngelajengaken ning SMP. Mekoten malih ning SMP niku boten gati sekola niku sengen niku. Gampil, sebabe uwong gih maler setitik rupine niku. Sesampune lulus SMP, kula manjingaken ning SGA Serang. La sesampune ning SGA, alhamdulillah wenten milik kula niku lulus SGA niku bangkit nerasaken sekolane niki ning STO Bandung. Waktos niku mah dede STO, APD, lajeng FPD, sios sereng Unpad, Universitas Unpad. Jadi, Universitas Pajajaran, Bandung. Sebab kula niku wenten kecelakaan, waktos niku tangan kula tugel, enggih manjing malih ning IKIP. Waktos niku enggih FKIP. Wenten rong IKIP rasane waktos niku niku, sing disebut cepe wong Indonesiane mah IKIP Bawah, IKIP Atas. Kula manjing ning IKIP malih. Rugel setaun niku, margi kula kedah milet malih sampun setengah semester niku ngan vak umum saos, vak keguruan, vak kejuruan mah boten antuk. Lulus sing IKIP taun enem puluh enem. Tegese mah anggih tanggale tanggal telulas Agustus taun nem puluh nem. Boten sulit manjing ning pundi-pundi waktos niku mah, dulur-dulur. Ayun ning SD tah, ayun ning SMP tah, enggih ning IKIP gih boten gati, boten kados sepuniki, testing, tetek bengek. Enggih wenten sing ketampi, wenten sing boten. Pripun nasibe sereng perjuanganane. La sengen mah gampil, asal karep saos. Kepengene wonten, sarate wenten, manjing sampun sekola. Seniki mah sekola niku boten mengkoten. Ning kota Serang saos enggih alhamdulillah boten kirang-kirang syukur ning Pengeran kewentenan sekola ning kota Serang seniki sampun maju. Maju dibandingaken sereng sengen. Mireng katahe bocah sing boten ketampi ning sekolahan, napa niku ning taman kanak-kanak, napa ning SD, napa niku ning SMP, napa niku ning SMA, napa niku ning STM, napa niku ning SMEA, napa niku ning SPG, rupine kewentenan sekola, katahe sekola, sampun boten seimbang sereng katahe bocah sing ayun manjing sekola. Niku sebabe rupine seniki sampun waktose pemerintah memikiraken ngebangun malih sekola, ngewenténaken sekolahan-sekolahan, napa niku taman kanak-kanak, napa niku SD, napa niku SMP, SMA, STM, SPG atanapi SMEA. Maksud kula enggih puniku ngebangun malih sekola kangge nambih sing sampun wenten, dipuni murid-murid atanapi calon-calon murid puniki

bangkit ketampi ning sekola-sekola sing dimaksudken. Kula gih boten ngilangaken: katah sampun usaha-usaha pemerintah kangge nyumponi kepengen atau desekan-desekan masarakat sing ayun sekola. La enggih puniku antawise, ngangkat guru-guru sing waune honor dados pedamel tetep negri, ngewentenaken atanapi ngirim buku-buku paket, ngadegaken SD-SD Inpres, ngewentenaken penataran-penataran, napa niku penataran kangge guru-guru sekolah dasar, penataran kangge guru-guru sekola SMP, maksud kula sekolah menengah pertama, napa niku penataran kanggo guru-guru SMA, STM, atawa kangge guru-guru SPG. Rupine masalah pendidikan niki dede ning Serang saos, dede masalah ning Serang saos, tapi ning pundi-pundi, enggih puniku ning wilayah Indonesia niki. Tapi senajan mekoten, kula piambek niki, kula pribados, cape wong Indone-siane nika mah 'putra daerah', asli Banten niki, enggih kepengen dipuni ning Serang niki katah sekola, napa niku SD, napa niku SMP, napa niku SMA, napa niku SPG, napa niku SMEA, napa niku STM. La enggih séki-rang-kirange, terutama enggih niki, SD mah sampun katah, enggih SD Inpres, la enggih menawi masarakat niku bangkit ketampung, pecil-pe-cil masarakat niki, enggih pecil-pecil anggota masarakat, rayat Serang niki enggih bangkit ketampung, sing ning SD mah. Sing dados masalah niki, enggih puniku sekolah lanjutan tingkat pertama, sereng sekolah lanjutan tingkat atas. Sebab, ari SD mah katah, tangtos lulusan-lulusan SD niku katah. Sedeng ari SMP-ne mah ngan wenten nenem, enggih puniku sing sios mah, sing kenenem niki, embene dibentuk, atawa embene diwenten-aken taun niki, ning kesemen, disebut SMP Negeri Kesemen. Sing diurus langsung, sing ngurus puniku enggih puniku SMP Papat. Tiap taun lang-kung sing sewu lulusan SD sing boten ketampi ning SMP Negeri, atanapi ning ST Negeri. Alhamdulillah kelayan mekoten niku, akhire enggih rada ketulung sereng wentenne SMP-SMP swasta, enggih puniku SMP PGRI, SMP Al-Khairiah, SMP Mardiyuwana, SMP Muhammadiyah. Ma-lihan mah SMP PGRI diwentenaken ning tiap-tiap kecamatan. Sing maler dados masalah hebat enggih puniku sekolah lanjutan tingkat atas. Napa niku SMA-ne, napa niku SPG-ne, napa niku SMEA-ne, napa niku STM-e. Tiap taun, guru-guru sing ngajar ning sekola-sekola puniku, terus-terusan didamel pusing. Pusing kangge kepripon carane supados murid-murid niki bangkit ketampung ning sekola niku. Sebab, sedayane gih, enggih kula enggih masarakat, enggih dulur-dulur kang ngerongokaken niki, kepengene mah la pecil-pecile niku ketampi ning SMA Negeri, atana-pi ning STM Negeri, atanapi ning SPG Negeri, atanapi ning SMEA Negeri.

Boten ayun ning swasta mah. Katah alesanane: sekolane sore lah, baryanane larang lah, napa-napa lah, wenten niku-nikune segala. Teng-tune mah, kepengene mah ning negri, kados kula-kula niki, dede tah? Tapi sebab negri niku boten bangkit nampung, boten bangkit nampi sedayane murid, enggih kepaksa murid-murid niku kedah manjing ning sekolah-sekolah swasta. Enggih alhamdulillah kangge ning Serang niki, kangge SMA-ne saos niki, wenten, kinten-kinten wenten papat. Di antawise, sing kepanjing SMA swasta sing gede ning Serang, enggih SMA Bina Taruna, sing wentene, tempate sementawis ning SMA Negri Serang sonten. Guru-gurune gih enggih guru-guru SMA Negri Serang sedayane, malihan mah yayasane gih sing ngebentuk niku enggih guru-guru SMA Negri Serang. Sing kekalihenggih puniku SMA PGRI, wentene ning Lopang. Sing ketelu enggih SMA Muhammadiyah, wentenne ning Kaujon. Sing kepatap SMA Mardiyuana, wentene ning belah ilen alun-alun. Malihan puniki, wenten malih SMA swasta sing baru, sing baru taun niki dibentuk, didiriaken, enggih puniku SMA Swasta Medang Gili. Yayasanane, Yayasan Medang Gili. Sing ngebentuk niku Pak Yani, doktorandes Ahmad Yani, sereng rencang-rencange. Rupine kewentenan mengkoten niki, kangge taun arep niki, enggih puniku taun ajaran delapan dua delapan tiga, rupine langkung hebat. Tetapi senjata mekoten, kula boten kirang-kurang nuhun, ati kula bungah boten kepalang bungah, sebabe artine masarakat Serang sepuniki sampun uning yen pendidikan niku, yen pecil-pecile niku, kedah sekola. Yen sekola niku dede kedah dados tentara Belanda. Sekola niku perlu kangge pecil-pecile, kangge masarakat Serang. Waduh dulur, mata kulane sampun ngantuk niki. Rupine obrolan kula niki sereng basa Jawa bebasan niki cukup semongko saos kerihin. Jam ning beker kula niki sampun nunjukaken jam sios kirang seperempat sipeng, malem Minggu. Dados artine sampun manjing tanggal telung puluh, dede tanggal rong puluh sanga malih. Eh, maaf, dede tanggal telung puluh, sampun manjing tanggal telung puluh sios Agustus taun sewu sangang atus wolung puluh sios. Dede tanggal telung puluh. Dados sampun tanggal telung puluh sios Agustus. Wasalamualai-kum warohmatullohi wabarakatuh.

Nah, sekien kita arep ngobrol nganggo bahasa Jawa sing kasar, dudu bahasa Jawa bebasan. We, Pa Yoyok kin puas kin. Teka ning Serang, kita mah iya wis senang-senang. Tak arani kita mah Pak Yoyok kuen arep ngenean apa, atau arep ngencan berita apa ning kita, atau arep ngajak ning Bandung tah kon sekola maning ning IKIP. Weruh arep ngenei

tugas mah kitane minggat. Tapi yah karena Pa Yoyok kun sahabat kita, jadi gati. Sahabat sing cilik-melik tekang semene tuane kien masih tetap dadi sahabat. Kapan sih mari dadi sahabat, Pa Yoyok? Kepengen tah? Kita mah los temen lah najan ora diaku ning Pa Oyok gah arep ngaku sahabat bae ning Pak Yoyok kuh. Sebab Pa Yoyok, kita iki sahabat Pa Yoyok, Pa Yoyok kun sahabat kita, Pa Yoyok pengen ngejaluk ning kita endah kitane bisa direkam ngobrol basa Jawa, ya kita gelem bae. Ya, menawi bae ana hasile, ana manfaate. Ngarti ora sing ngerongokaken kin? Sebenere Pa Yoyok teka ning Serang kin ya wakeh keperluanane yah. Seperti sing diceritaken ning kita kaen, jereh ja arep nyelidiki basa Jawa. Kangen basa Jawa ja Pa Yoyok. Tapi kangen-kangen ja ora gelem basa Jawa. Ning Bandung tah ning endi tah ari kependak kebuturan mah basa Jawa bae sih, endah bisa basa Jawa. Basa Jawa kin hebat kin. Wong Sunda gah ning Serang kun pada basa Sunda bae, barang wong Serang sing ning Bandung ja ora gelem basa Jawa. Jawa bae kependak ning Serang mah. Enja wong Padang gah ning Bandung basane Padang bae. Wong Batak ana ning Bandung basa Batak bae ora gelem basa Sunda. Wong Bandung ning Serang basa Sunda bae. Eh malah wong Serange keleh ngenggo basa Jawa. Iki mah Pa Yoyok be, ana ning Bandung kudune ngenggo basa Jawa, aja basa Sunda bae. Aja basa Indonesia bae, basa Indonesia mah gonah ning sekolahan bae. Ari ning umah kuh karo bocah-bocah Serang, basa Jawa, endah bisa basa Jawa. Iki mah dudu ngongkon, ngejaluk bae ning Pa Yoyok, endah Pa Yoyoke ora bisa ngilangaken basa Jawa. Basa Jawa kin enak, nikmat basa Jawa kun, sebab basa kita, basa ibu. Lagi cilik mah basa Jawa. Pa Yoyok kan ning keloran basa Jawa kan? Bisa epak-epak segala kan? We, Pa Yoyok, kuh enggonen kuh Kamayasa kuh. Lari ajak Pa Herman kuh. Peremen tah carana ngededor pemerintah. Atawa merono ning PDK Jawa Barat Jalan Riau rong atus sanga kuh. Peremen carane supaya ning Serang kien, taun arep kien, taun wolung puluh roro kien, bisa dibangun SMA Negri roro ning Serang kuh. Endah wong-wong Serang kin sekabeh pinter. Endah wong Serang kien sing arep manjing ning SMA kun ora gati. Paleng kun Pa Yoyok. Tiap taun ... kuh paleng udubilah. Cobalah Pa Yoyok. Bantu Pa Yoyok. Ngerungu-ngerungu memang taun kien arep didirikaken. Lah Haji Abas gah jereh mah arep nyediakaken tanahe sehektar ning belah idul Serang. Tempate, rupane mah sing Sempu ngidul kun. Coba Pa Yoyok kuataken kun ning pemerintah ning Kanwil Departemen P dan K Jawa Barat. Ning Pa Asep Suwarman atawa ning kepala bidange, PMU bidang PMUK, dokter-

andes Sukirno, atawa ning Pa Suprpto, bagian saranane merono kun. Ya atas nama Kayamasa, tah, atau ngajak Pa Herman tah. Tentu bae kudu diajak ugah Pa Masrur sing Bidang, Pengawas PMU kun. Peremen carane endah aja kalang kabut ning Serang kin. Pandeglang gah sing cilik ana roro SMA-ne. Serang je, jereh ibu kota karesidenan, iku siji SMA-ne. Gelak-gelik, siji-sijine lah. Gusti Allah. Menawi taun arep mah kun roro. Ya, alhamdulillah kuen gah ning Cilegon wis ana SMA Negeri. Tapi kuen masih tetep ngegandul ning Serang bae kun. Ya menawi taun arep kin bisa diresmikaken bisa ngadeg dewek, jereh basa Indonesiane kaen mah bisa berdiri sendiri. Wong Cilegon, wong Anyer, wong Bojonegara kun sekolane bisa ning Cilegon. La wong Serang kien, ana SMA ne siji, STM Negeri ngan siji, SPG mah komo, gati maning, SMEA be siji, sedeng sing arep sekolah wakeh beneran. SMP-SMP-ne, SMP swastane gah wakeh. Ning Pontang nana, ning Petir nana, Pamarayan nana, Cikeusal nana, laju ning ciomas ana, SMP Negeri Pabuaran ana, SMP Negeri Serang Siji, Serang Roro, Serang Telu, Serang Papat, Serang Lima. Terus SMP PGRI ning Kramat Watu, ning Weringin Kurung nana SMP Negeri. Ya, tengtu sing siji SMP misale bisa ngelulusaken bocah paling kedike enem puluh be, kali semono SMP misale siji, roro, telu, papat, lima, sing lima SMP kin siji SMP ngetokaken satus rong puluh kali lima pira wis? Wis nem atus. Laju SMP Pamarayan misale patang puluh, SMP Negeri Cikeusal patang puluh atau seket, SMP PGRI Cikeusal... uh wakeh. Jadi lulusan SMP sing Serang kun lebih sing rong ewu. Sedeng SMA-ne siji, STM siji, SPG siji, SMEA siji, lan sing diterima ning SMA kun ora akeh, ngan rongatus uwong. STM setitik satus wolung puluh. SPG, komo maning setitik pisan, SMEA Negeri setitik pisan. Ya. untung be, ana swasta-swasta. Senajan swasta gah wis ana lah sekola kun. Jadi, bocah sing ora keterima ning negeri kun ya bisa ning sekola. Tetapi wong umume pengen ning negeri. La lamun ana SMA sing baru maning, siji maning ngadeg, tengtu pemerintah ngadegaken sekola kun ora ngan gedunge doang, lengkep satu unit. Ya gedunge ana, sekolane ana, terus bangku-bangkune ana, guru-gurune ana, kepala sekolahe ana, baru maning. Tata usahane, sekabeh baru. Jadi artine lamun ana sekola SMA sing baru, atawa STM sing baru, artine nambah guru, nambah guru baru. Lamun ana guru baru sing sekola-sekola sing baru kun, artine sekola-sekola swasta gah bisa ulih, bisa nyilih, bisa enjuk bantuan tenaga sing embene teka kuen. Jadi, swasta karo negeri akeh mah gurune, seimbang kun mutu pendidikanane.

Aduh, wis bengi Pa Yoyok. Wis jam siji lewat kin. Wis lah, salam be

yah. Salam ning Pa Kosadi, salam ning Pa Idris, salam ning Pa Fakri, salam ning Pa Agus Hudari, salam ning Pa Abin Samsudin, salam ning Pa Samsudin AR, salam ning Pa Undang, salam ning Pa Heri bahasa Inggris, ya salam ning kabehane be, ning kabehanane wong IKIP be lah, siji-siji. Ari ora pegel mah los. Wis mengkonon be. Wasalamualaikum warohmatullohi wabarokatuh. Wis ngantuk lah.

F. Lokasi: Kecamatan Pontang, Serang

Assalamu'alaikum,

Mengketen niki sing selere se mah, rawuh meriki niki ayun tetaken masalah-masalah sing perlu dipecahaken. Tapi kelerasan wenten tamu niki, tamu sing Bandung, sing Komawil niki sing Serang. Pa Wiwing Sam'un niki hadir, pakean dines. Masalah sing dipecahaken masalah pertanian, masalah kantor, desa, masalah masyarakat, lan, yah arane wong ciik kih, ngelamun-ngelamun duwe kepengenan. Sios masalah pertanian. Waktu niki pertanian niku lagi hancur jantunge. Pari sedanten didahari berit, masyarakat berkeluh kesah. Wenten sing utang Bimas, kepripun bayar Bimase. Wenten sing pecile katah iya duwe utang Bimas, peripen mangan anak rabi lan nyurutang Bimas. Ugah, desas-desus masyarakat niki, sawah pengen ditutup niki banyune, pengen dikeringaken karena dirasa-rasakaken selawase sawah kuh banjir bae. Niku hasile kirang. Kirang be hasile lah. Dados sios cara niku kening ditutup perairan supaya kering. Niki rupine enda tanggapan sing aparat pemerintah desa, terutama. Tapi rupine pemerintah desa niku setuju. Tapi dipikir-pikir bakale niki terbentur karo musim udan. Oktober, November, Desember niku terbentur sereng udan. Lah niki tentune ngenda pemikiran sing lebih luas. Di samping niku ugah masalah kantor. Masalah kantor desa niki, sing dimaksud niki. Karna, ngengerungu-ngerungu niki, bahkan masyarakat sampun pada uning niki, bahwa desa Singaraja niku ayun antuk sumbangan sing pemerintah. Ayun dibangunaken sereng pemerintah, kantor desa sing menurut khabar niki, karena khabar niku sifate maler ngandung salah lan bener, biayane niku lumayan. Satu juta lima ratus sepuluh juta niki, maaf niki, sepuluh juta limang atus ewu. La niki alangkah lebih baike niki kangge nangani kantor bale desa niki, menurut pengalaman sing sampun-sampun niki, rasane prihatin lamun ditangani sereng uwong-uwong, ya jelase bae karo pemborong sing boten tanggung jawab.

Karna biasane pemborong niku terlalu mementingkan pribadine daripada mentingaken masyarakat. Sekolahhan, contone sekolahhan Inpres, katah sing ngeborong sereng pemborong sing boten bertanggung jawab. Niki adalah gelis bubar. Gelis bubar... We, ngomong sih ngomong kih, Pa Wiwing, Mang Sarwani, teh botol mah sih embil ning warung kuh! Ngelak kin, karo es, lempur maning. Punten saos niki, Bapa sing Bandung niki enggih, telat niki wedange niki.

Maka atas nama masyarakat, lamun bangkit mah, masalah pembangunan-pembangunan sing sipate niku antuk disungi sing pemerintah, niku adalah alangkah lebih baika bangunan niku ditangani sereng LKMD, Lembaga Ketahanan Masyarakat Desa. Makane niki kepengen masyarakat mah niki bale desa Singarajan niki kepengen ditangani sereng LKMD atanapi Inpres—oh, sampun otomatis Inpres mah niku ditangani sereng LKMD. Bale desa, Kantor Desa Singarajan niki kepengen ditangani sereng LKMD Desa Singarajan. Karna napa? Karna masyarakat Singarajan niku pengen derebe kantor sing permanen, sing awet. Senajan lurahe gentos sepuluh balen gentos niki, periodene, niki tetep kantor bale desa niku awet, mentereng saos. Tapi lamun ditangani sereng uwong-uwong sebelah rika, wong tebih-tebih niki, rumasane bakale boten ningali sedintendintene, ya, tentune pikirane wis asal peragat bae, endah bubar gah. Toh kita mah ora ngedeleng-deleng bakale. Pan mengkoten niku. La niki, kira-kira kepripan tanggapan bapa-bapa sing Bandung niki, Pa Wiwing Sam'un, uga sing sanese. Jawaban niki boten perlu ning riki. Pa Wiwing boten perlu ngejawab, sing Bandung boten perlu ngejawab. Tinggal seolah-olah bahan pemikiran kangge mecahaken mungkin ning atasan kepala desa. Niku kirane masalah kantor desa.

Sing ketelu niki masalah masyarakat. Masyarakat Desa Singarajan niki, sing waune termasuk masyarakat Desa Pontang niki, sing seniki sampun dimekaraken arane Pontang lan masyarakat Desa Singarajan, alhamdulillah masyarakat Desa Singarajan niki rada maju. Semakin maju lah, baik lamun ditilik saking segi pengajian, pembangunan, kebersihan. Masyarakat desa Singarajan niku semakin maju, menurut penelitian kula. Tentune ya bapa-bapa gih boten benten, boten wenten bedane. Bangkit ditingali, seperti pembangunan Pasar Desa Singarajan niku hasil kreatif aktivitas Lurah atanapi kepala Desa Singarajan ya bangkit ditingali. Macem saluran-saluran banyu, saluran-saluran banyu sing ning sawah, sing ning tempat ibadah, niki bangkit dirasakan lah sehingga masyarakat niku memang rupine senang. Bahkan masyarakat niki sampun ngedere-

beni kesadaran. Kesadaran ning masalah Ipeda. Napa sebabe? Karna masyarakat niku sampun menghayati, sampun ngebanding-banding lah, antara kewajiban masyarakat sereng hadiah saking pemerintah. Kewajiban masyarakat terhadap pemerintah niku, sing kula maksud niki masyarakat desa Singarajan niku, setaun masyarakat desa Singarajan kirang langkung kon ngisungi nyumponi kewajiban ning pemerintah niku cuman satu juta, sejuta. Sejuta sangang puluh ewu. Iku kewajiban masyarakat desa Singarajan. Tapi pemerintah ngisungi ning masyarakat desa Singarajan kados rencana taun wolung puluh sios wolung puluh kalih saos, pemerintah ayun ngisungi bale desa sing hargane sepuluh juta limang atus. Ayun ngisungi Inpres sing hargane sepuluh juta limang atus. Ayun ngisungi penampungan air bersih sing hargane, lamun boten lepat, per penampungan niku sejuta seket, sedeng katahe sewelas. Nah, saking penerangan-penerangan baik saking pemerintah desa terutamine, ughah saking Tripida pada umume, masyarakat niku lambat laun paham, mengerti lan menyadari. Sios bukti, bangkit dicek niki, sereng Tripida, pajeg Ipeda desa Singarajan niku, yah lamun diijir-ijir mah lunas sampun. Pemerintah kedahe mah sampun ngisungi hadiah niki ning Kepala Desa Singarajan. Niki realitas niki. Oh, maaf, niki kenyataan. Bangkit diperiksa. Nikulah kirane masalah tanggapan masyarakat. Seniki masyarakat derebe lamunan, derebe kepengen. Manda kaya tegere desa Singarajan khusus, lurahe niku disungi semacem televisi, sing sipate derebe umum, disungi penerangan. Penerangan niki dede mentri penerangan, lampu, lampu listrik. Niki mungkin senang. Masyarakat semakin teger diajak-ajake, lamun pemerintah daerah atanapi pemerintah pusat, atanapi wilayah niku nyumponi ning lelamunan niki, ning kepengenan masyarakat niki. Wong karena ning Pontang niku maler tromak, maler minimlah, maler mesakat lah. Ngelamune desane pengen dilistriki, dedalane napik setaun bubar, ughah segala kebutuhan, baik ning masalah pertanian. Niki pemerintah memang sampun ngisungi kemurahan, macem Bimas, segala macem niku. Niki masyarakat meriku niku. Kepengene katah. Lamun dijumlah niku boten kitung. Kepengen masyarakat di-componi kepengene niku. Macem penerangan, dedalane endah bagus, supados sing Pontang ning Serang niku boten pegel, la ning dedalane aman karna listrikian.

Ughah ning masalah-masalah peternakan, kepengen masyarakat niku uning ning masalah peternakan niku. Upamine lamun wenten kridit, kridit peternakan, perikanan, niku masyarakat pengen uning. Supados

ditevekaken, napik uwong-uwong sebelah rika saos sing uning. Karna biasane lamun wenten objek mengkoten niku mah, endeke wong-wong jero saos, masyarakat mah boten uning. Kadang-kadang sing uning niku sing derebe hubungan-hubungan ning rika-rika saos. Padahal masyarakat gih katah sing mampu, sing derebe borehe, sing derebe segala maceme. Niki ngenda perhatianane saking pemerintah, terutami pemerintah desa, pemerintah wilayah, daerah. Nah, nikulah kirane hasil saking obrolan sing bangkit kula kemukakaken. Anapun jawabanane niku sekaligus saos niki. Tapi kula kira lamun sing Bandung niki boten perlu ngejawab karna bahasane bakale boten dimengerti, wong bahasane bahasa Sunda. Pa Wiwing niki boten perlu jawab malih. Senajan hadir Pa Wiwing Sam'un niku, mantri pulisi Pontang niku boten perlu hadir. Tapi sing lebih sreg niki ngejawab niku ya kedahe wong Pontange, tapi sing sampun ngalami ning masalah pertanian. Semacam sing hadir niki, sing lagi ngobrosareng kula niki, Mang Sarwani, selaku penghulu, uga mencakup ning masalah pertanian. Niku kedahe sing ngisungi jawaban. Semongkolah lan kula tinggal kerihin. Dede ditinggal linggar niki tapi istirahat. Katuran....

Dados, masalah pertanian niku, sesuai sereng tugas kula, PTD adalah pamong tani desa, dados kula jawab. Mengingat wentene Bimas niku sing taun tujuh satu, dados tanah sawah niku sing selalu digarap niku sampun boten wenten zate. Nah, mungkin lawas mungkin merosot hasile. Dados kepripun ayun kebayar bimase. Kesios niku. Kekalih, pada musim niki mah abis sama sekali petani boten hasil pisan. Ning hama tikus, cepe wong rikane mah, cepe wong Pontange mah ning hama berit. Dados, kemungkinan saking masyarakat niki sedanten ngelaporaken ning bale desa Singarajan. La nikulah jawaban saking kula masalah pertanian karena sampun cukup kanggo pertanian niku masalah pengairanane sampun diterima baik sereng masyarakat. Mung hanjakal niki hama tikuse sing merajalela pada waktu-waktu iki. Lan sesuai malih kerna ayun wenten pemilihan umum, kula selaku pamong tani desa ngilari masa niku kangge pemilu niki, barang masyarakat digusur-gusur mah ning kula kangge bayar bimas, napik malih kangge bayar, sedengken anake saos bayaran sekola niku sedanten rata-rata boten kebayar. Dados, kulane atas nama masyarakat niki la ampun kerihin, sederenge mengkin panen taun delapan dua. La nikulah jawaban saking kula sesuai sereng tugas kula PTD, pamong tani desa, ngenda ampun kerihin masalah penggusuran bayar bimas niki. Toh, melalui BRI niku katah sing nunggak, lan jutaan

sing nunggak niku. Boten digusur-gusur, asal turut bayar bungae masyarakat mah. La nikulah Bapa, khusus pemerintah daerah, atawa pemerintah wilayah, kula memohon maring Bapa, masalah pengurusan bimas niki alangkah kula boten setujune, kerana ningali masyarakat, napik malih kangge bayar bimas, sedangkan wau sing kula utarakan nika bayar sekolahan saos lagi waktu-waktu niki lagi boten kebayar. Mung semongko saking kula. Kula akhiri, assalamualaikum warohmatullohi wabarokatuh....

Lan kulane ngenda malih maring pemerintah khusus karena ning kampung niku terlalu sulit diatasane sesuai sereng tugas kulane, pengulu, kang dados tukang nganter ning KUA. Seniki masalah penceraian malih Pa. Penceraian niki, menurut informasi saking kepala KUA, yen cepe boten bangkit diisbataken. Kudu langsung saos singa ayun nyerai niku ngadep ning pengadilan agama. La niki kula keberatanane, kerana, lamun ditanggapi sing sebenere. masyarakat niki nyadari kangge perpisahan niku, asalkan isbat niki maler diterima, napik digumbang-gambangaken sehingga biaya mah sampun keluar masyarakat niku, kadang-kadang putus mah boten. Dados, masyarakat nikilah kelemahanane kangge menghadapi ning Serang niku. Karena ning Serang kudu ngebakta saksi, kudu ongkos, kudu bayar biaya penceraian. Dados memohon, khusus maring petugas pengadilan agama, maler dibuka kanggene isbat tolak niki kerena masyarakat kula, napik malih ayun rawuh ning pengadilan, sedengkan ning KUA saos sing berdekatan, kangge ngejakaken talak niku sampun boten bangkit, kerna staf KUA boten nampi menurut peraturanane. Dados katah-katahe sing disebut talak liar niku. Semongko gah karena kula niku maler inget ning undang-undang perkawinan, lamun isbat niki diterima mah, kula maler sanggup kangge ngelaksanakaken tugase niki. Tapi lamun ditutup masalah isbat niki, yah kula ayun napakah bertindake, lan napa tugas kula sing dijalanaken niki lamun wenten wong nverai rabine niku. Karena boten bakal kangge masyarakat ayun ngadep. Niki khusus masyarakat desa Singarajan niki, ayun ngadep ning pengadilan agama. Dados maring Bapa sing derebe wewenang ning pengadilan agama, mohon, kula selaku bawahan Bapa sing terendah ning desa niki, enda dibuka kembali masalah isbat niku, lan napik diperlambat. Enja yakine wenten kepala desa sing menyaksikan melalui administrasi napa. Nikilah kula keberatanane kangge masalah talak niki. Dados bapane sing lega saos dadane, senajan tugas. Kerana masya Allah wong desa mah ayun ngadep ning pengadilan niku gemeteren. Sesipeng lamun dipanggil niku boten sare,

kalah minggat. La sampun minggat, kula ayun napa. Ayun ngewentena-ken napa kulane, wong minggat ning Lampung. Dados, sing rangda nika ayun laki susah. karena menunggu isbat boten putus katahe, boten diputusaken. Winginane niki saos boten diputusaken, sedangkan kula sampun ngebayar biaya-biayane. Baranganu ja boten putus. Rangda dede, perawan sampun kawin. La nikilah terasanane masyarakat niku suker dados masalah penceraian niki. Lan malih Pa, masya-Allah, ning masyarakat mah kepala desa niki cepe sampun digajih, sampun dinegrikaken, tetapi kula antos-antosi, sing dados pedamel desa kih, kapan niki cepe kula, lan kula niki sampun pinten taun medamele. Sing barang taun nem delapan kula niki medamel. Sesuai sereng lurah sing diremajakaken, kulane maler diengge ning lurah Pamekaran niku, Sudara Sawadi kih. Dados kapan gah kula niki, kula antosi Pa, masalah negri niki, menawi kulane maler panjang umur. Tapi sing lebih utama mah masyarakat Singarajan atau desa Singarajan niki dinegrikaken cepet-cepet. Insyah-Allah lah, pemilu delapan dua niki ayun sukses desa Singarajan niku. Lan kulane malih Pa, tanggal pinten niku embuh, masjid kula rame ayun antuk sumbangan satu juta sing pemerintah, tapi sampe seniki masyarakat ngantosi, dereng medal-medal niku sumbangan masjid Begog niku, masjid agung Begog. Lan DKM-e sampun neken malih. Pa Camate selaku kepala pemerintah Pontang sampun neken pinten-pinten wiji niku malih. Tapi sampe seniki dereng medal-medal sumbangan masjid agung Begog kuh. Enja toh ning rika-rika mah ngerongokaken sing TV niku sepuluh juta sumbangan masjid anu, dua puluh juta sumbangan masjid anu. Ning desa kula mah Singarajan kih, khusus masjid agung Begog, sejuta bae sampe kesel ngantosane. Masyarakat senikine sampun geger, darani didahar DKM dujite, padahal sing selerehe mah dereng antuk duit niku.

G. Lokasi: Kecamatan Ciruas, Serang

Informan:

1. Nama: K. Mujtaba Ali

Umur: 59 tahun

Pekerjaan: Pensiunan Naib

2. Nama: Saroji

Umur: 50 tahun

Pekerjaan: Pensiunan Karyawan Departemen Penerangan

Tanggal perekaman: 12 September 1981

Selerese, lamun dikatakaken asli, yah setengah asli. Selerese kula mah kelahiran mah sing Pipitan, tapi sareng Ciruas mah sami. Kula niku kudu-dukanane kula mah rawuh seniki gah tetep memimpin. Sing Kopo kedudukan kula niku ngadepi madrasah Pipitan sing barang tahun empat puluh dua. Empat puluh lima, revolusi, empat puluh delapan agresi kedua, Belanda nika nggih. Mawur-mawur, akhire tahun... pinten... maler ning rika kulane ning Taktakan. Laju kakang kula waune dados Wedana Ciruas. Jadi, kula serombongan niku sing Pipitan bagian Lodaya ngumpul....

Rengse sing sis fayer ('cease fire') niku laju ngebentuk pemerentahan baru ning Banten niki termasuk ngeberesi... ai kerana Kiswari niku diangkat dados Kepala Kantor Agama Kabupaten Serang, sengen mah istilaha Kepenguluhan, Kepala Kepenguluhan Kabupaten Serang. Laju kula niku termasuk stap naib se-Kabupaten Serang. Selesai ngeberesi, cepe wong tua niku, iya kakang, "Sirane panjingaken bae gah formasi."

"Kepripun," cepe kula niku, "enja kula mah tugase ning madrasah."

"La, uwis iku mah gampang diatur."

Jadi, kula niku manjing ning formasi ning stap Kabupaten. Sesampune berese, selesai penyelesaian niku karena merlokaken tenaga kula, jadi kula niku dibina ning Ciruas, ngedampingi Kiyai Muhammad Yamin, kepalane Kiyai Muhammad Yamin. Sengen mah tingkat Ciruas niku kenaiban kewedanan. Di samping mengolah kecamatan niki, mengkoordinasi keseluruhan segala-galane niku, kula niku stafe Kiyai Muhammad Yamin. Kiyai Muhammad Yamin pensiun, langsung kula diangkat jadi kepala. Boten inget taune mah pinten nike. Pantese mah taun tujuh tujuh bulan September niku. Rawuh seniki niki. Tapi kulane tetep barang pengsiun mah sing diolah enggih ning Pipitan, madrasah....

Kerana diarani istimewa, cakep, jereh istilahe Pak Kepala Depag seniki mah dede istimewa, cakep, wong magawe jah ora dipindah-pindah, arane ora weruh pengalaman. Iya masabodo jereh kita. Laju apa yah sing perlu dikemukakaken malih? Senikine kulane lagi ngadepi ning Pipitan, pundi fisik bangunanane maler terlalu minim, menurutaken sarat-sarat pendidikan kurang, guru mengkoten malih, sanget kurang keranane boten derebe dana kulane. Iya alhamdulillah kelawan berkahe keuletan penguruse ning Pipitan niku, sampe seniki niku, ngasuh pendidikan niku, sampe gurune niku ning tiga puluh sembilan orang. Sing negrine cuman tetelu bantuan gurune. Liane mah sedanten niku honor. Honore saking mulai ibtidaiyah, sanawiyah, aliyah niku, paling tinggi aliyah niku dua ratus lima puluh rupiah per jam. Lamun ning SMA mah cepe seribu limaratus tah? Tapi alhamdulillah, batur-batur niku kelawan kesadaran tetep ngajar niku boten lalawora. Kelawan tepat waktune lan niki-nikine sehingga hasile tiap taun niku, diperbandingaken waktu ujian negri niku, alhamdulillah, boten pernah kalah malah rada mengkoten be niku. Niki mah kenyataan, dede ngalem dewek. La niku ya berkahe ketabahan lan keuletane pengurus sereng kesadarane batur-batur niku doang. Soale dede material, tapi soale kepengen bareng-bareng derebe amal. Seniki niki lagi ngebangun fisike, kepengen derebe aula sing rada pantes, gati. Dadi, carane seniki niku ngerehab sing sampun wenten, seperti kamar patang kelas niku didamel boten dipager sereng bata... sampun mulai dipasang fondasine wingi, dinten Kemis. Kiyai Amin hadir kula undang ning riki. Ngeureuyeuh carane, kerane jalane boten pati lancar, dadi petukange gah ngembile boten katah-katah. Maksude ngangsur saos, lamun katah petukange boten kejagan.

– Telung puluh sanga murid niku sampe kelas pinten?

+ Ibtidaiyah saking kelas sios sampe kelas nenem, sanawiyah saking kelas sios tekang kelas telu, aliah kelas sios tekang kelas telu. Wenten diniyah, malih, sore.

– Muride sedantene pinten?

+ Muride, lamun pengen jelas pisan mah dipendet datane.

– Napik, niki mah secara garis besare saos.

+ Kirang lebih ning nem atusan. Tapi taun niki sing wenten ning riki mah taun mri enggih, ajaran baru niki, kula kira lebih, lah, ning pitung atus lebih, lah. Sanawiyah niku kelas siose niku sampe kelas kalih-kalih, boten sekelas.

H. Lokasi: Kecamatan Kasemen, Serang

Informan:

1. Nama: M. Ikhromi Komaruddin
Umur: 28 tahun
Pekerjaan: Kepala Desa Peryayi, Kasemen
2. Nama: Tb. Zainuddin
Umur: 37 tahun
Pekerjaan: Kepala Desa Kasemen, Kasemen

Tanggal perekaman: 13 September 1981

Sing IKIP Bandung ayun meneliti bahasa Jawa Kecamatan Kesemen, Dialek Kesemen, Jawa Banten Dialek Kesemen. Jadi, kula sengaje milari lurah sing bener-bener asli wong Kesemen. Maksud kangge diteliti, boten wenten napa-napa. Ayun cerita napa saos. Ning Kesemen kekurangan banyu, umpamane, jalane bolong saos, dipuni boten napa-napa, engkin direhab ning Pa Mantri, dede tah. Jadi boten wenten napa-napa. Kula gih sampun sing Pa Camat wau, mung Pa Camate ngelayad ning anu ning Petir, kondangan.

- Maksudke kebutuhe masarakat segala, koten?
- + La enggih, boten napa-napa. Napa saos sing wenten ning Kesemen. Niki mah ngobrol.
- Kangge air jernih, memang butuh masarakat kula mah, tapi pernah lagi taun wingine niki, diukur-ukur mah memang sampun kangge pelaksanaanane mah dereng nyampe rupina mah niku. Sareng kaya listrik segala niku, sampun pedek. La masarakat mah memang menunggu malih niku. Tapi kangge penyaluranane kan dereng dilaksanakaken kangge ning Kesemen mah.
- + Tapi soal niku mah bangkit kula jawab niku Pa Lurah. Inshaallah sedela malih niki mah.
- Nuhun saos dipuni padang. Yen dipuni wenten periyayi merika nika napik kesasar. Ai, banyune niku, terus ngalire enggih?
- + Dereng, dereng wenten.
- La niku sing ngocor saos niku?
- + Cepe sing Sukacai niki mah kangge air minum niku. Ari bangsa jamban segala mah sampun niku sampun dilaksanakaken, sampun dados, beres niku, jamban keluarga segala niku. Air minum sing dereng wenten. Dados maler menggunakaken sing pam irigasi koten.

- Tapi boten asat-asat irigasi niku, enggih?
- + Boten. Cuman, kangge ning Kesemen niku koten Pa lah, kangge ibarat ning petani mah sangat gersang lah, bangkit dikatakaken gersang lah. Kerana boten wenten sing... sawah sing kenang irigasi sih, boten wenten. Dadi khusus niku kangge niku doang, menunggu sawah tadah hujan.
- Dados, kangge menandur segala niku kirang ayun, kerane saking banyu niku sih Pa.
- + Jadi, adus ning riku enggih?
- Adus mah enggih, wenten ning sumur, wenten ning kali irigasi, mengkoten. Tapi, lamun kangge ngebanyoni ning sawah mah boten bangkit kerana nanjak.
- + Pinten balen panene ning riki niku, Pa Lurah?
- Kangge ning Kesemen mah ngan ukur setaun sepisan, Pa. Niku yen boten wenten hama, lagi kebeneran. Barang wenten hama atanapi kekirangan banyu mah sampun saos, keringan. Dados payah kangge petanine.
- + Ari bale desane ning belah pundi, Pa Lurah?
- Ari Kesemen mah ning pinggir jalan pisan, bale desa mah. Gede.
- + Tapi rupane boten diengge, enggih?
- Boten diengge napane? Dienggeni, puguh kumpulan sing instansi niku yen butuh niku kangge rapat-rapat niku, paling kenggenan. Wong pedek saking kecamatan, malih. Sing kecamatan maupun sing PDK, sing KUA enggih kadang-kadang artine nyambut meriku, terus sing kepolisian kadang-kadang.... Artine diengge jasa niku. Bahkan wingi gih lagi tanggal sebelas, niku tas di engge rapat PKK.
- + Umume mata pencarian rakyat Kesemen napa niku?
- Masing-masing saos, Pa, boten tengtos. Artine wenten sing tani, wenten sing buruh, lah, ngebeca segala macem.
- + Katah-katahe mah mendet iwak, boten?
- Boten. Kerana lamun sing mendet iwak mah bagian merika sing daerah Banten. Sing daerah kula mah boten wenten, Pa.
- + Dagang?
- Dagang, katah-katahe. La Enggih sekedare menunggu musim, kados tangkil, sekedare kang wenten, boten katah. Sing ditunggu jasa mah memang sing pari niku, Pa. Cuman tebih, setaun sepisan. Enggih setaun sepisan gah yen kebeneran. Barang kirang mah si banyune niku tetep saos kegaringan, boten sida malih. Sampun ngedalaken biaya mah sereng pedamelanane niku temenan, tapi kangge penghasilanane boten wenten. Kadang-kadang kula gih sok kerunya, koten.

Lokasi: Kecamatan Merak, Serang

Informan:

1. Nama: Wiwin Widarti
Umur: 12 tahun
Pekerjaan: Pelajar SD
2. Nama: Mutho'yah
Umur: 18 tahun
Pekerjaan: Pelajar SPG

Tanggal perekaman: 13 September 1981

Subuh-subuh tangi jam lima, terus ngebantoni wong tua ngumbah piring, solat subuh....

Subuh-subuh terus salat, tas salat ngumbah piring, tas ngumbah piring adus, kan subuh-subuh mah ora langsung adus, cuman embil wudu, terus tas ngebantoni wong tua langsung sekola, lamun kita mah langsung ning Langun ngebantoni SD Langun. Sore ning SD Taman Sari....

Kita tas dolan ning Teh Toyah, terus nana uwong percis kaya batur kita.

– Sapa arane?

+ Sangka kita Joni, batur kita sing Sanawiyah.

– Wong endi kuene kun?

+ Cidangdam.

Oh, wong Cidangdam. Cidangdam kun desa apa?

– Ora weruh.

+ Wong iku tak sapa: 'Eh, Joni, mengane adoh amat.' Barang nyelingek padahal dudu.

– Terus sirane?

+ Terus kitane melayu.

– Kapan kuene?

+ Mau bengi.

– Sirane tas ngendi?

+ Tas dolan.

– Ning?

+ Umah Teh Toyah.

– Oh. Terus sekelas kuene kuh ning Sanawiyah?

+ Dudu. Nikane kelas telu.

– Oh kelas telu. Joni sing endi kaen? Berarti Teh Toyah gah masih sekola lagi sing dikit yah?

- + Iya.
- Oh, berarti Teh Toyah kelas telu dewekane kelas siji, embeke manjing yah.
- + Iya. Nikane gah kenal.
- Oh, kenal?
- Pripe jeh, sok diomong pripe jeh?
- + Kita gah kenal karo Teh Toyah anake Haji Muhidin.
- Terus bocahe kun?
- + Meneng bae.
- Saiki Iwin akrabe karo sapa?
- + Karo Maryati.
- Maryati wong endi Win?
- + Merak.
- Oh, wong Merak. Sekolane sing endi?
- + Sanawiyah, pada bae.
- Udu sekola sing SD-ne.
- + Ora sekola SD.
- Sekolane Ibtidaiyah?
- + Ibtidaiyah Langon.
- La iya, jadi kan ujiane MIN konon yah. Jadi dewekane mah ora duwe ijazah SD pisan.
- + Ora.
- Tapi sekola pisan ora?
- + Sekola sampe kelas papat doang.
- Kelas papat? Ning SD endi maune?
- + SD Langon pada bae. Subuh ning SD Langon, sorene ning madrasah Langon.
- Jadi, dewekane kun ora sederajat konon maune yah?
- + Ora.
- Jadine....
- + Agamane kelas roro, terus SD-ne kelas siji.
- Terus Iwin sekola Taman Sari Pripe, Win? Hebat ora ning sekolahane?
- + Apa, nakal-nakal bocahe.
- Nakal-nakal?
- + Iya, sengit kita mah.
- Sapa sing paling nakal?
- + Si Edi kaen kah badung.
- Edi wong endi?

- + Edi wong iku, Sukamaju.
- Wong Sukamaju?
- + Eeh.

J. Lokasi: Kecamatan Anyar, Serang
Tanggal perekaman: 14 September 1981

- Bangkit sing Sanawiyah, terus ning Aliah terus ning IAIN. Malah seniki wenten malih ayun dibuka Universitas Tirtayasa ning Serang. Engkin biasane katah sponsore.
- + SLP saos sampun setengah payah. Lan napa maning pengen ning SMA.
- Ning Serang niku, daftar niku kadang-kadang wallohu alam apa olih atawa ora, embuh kerna terlalu katah. Jadi mungkin masih diwakili ning wong gede-gede. Sedeng wong gede-gede wentene ning Serang. Yah, seboten-botene, dede kenang pengaruh sistem, tapi seboten-botene kan? Barang kenal baik mah, ya mempengaruhi.
- + Niki gah dokterandes Mulyana niki enggih, sing Serang asline mah, sing ning IKIP Bandung niku. Wong Serang asli.... Sing sekola, jadi mahasiswa tekang ngedoseni wenten ning Bandung. Jadi ngomonge kaku, katah tambahan bahasa Sunda sereng bahasa niki Indonesia khusus.
- Bocah seniki mah kon mondok bae. Wis sira mah mondok be lah. Anggur, istirahat nunggu taun maning. Sebab alasanane dadi kiyai durung tengtu, barang arep megawe mah ya pengen apa-apa payah. Bocah seiki kuh susah, yen megawe sing gelem kun gati.
- + Seniki mah gengsi. Ning pundi-pundi gengsi sing dijaga. Kerana Gunung Sugih kan kebakta. Rade pamer bae.
- Linggar testing ning Jogja,... milu antri. Barang dibuka, gugur maning gugur maning, samping pitung balen gugur.
- + Wenten pinten sing ning Jogja.
- Sing riki?
- + Tingkat pinten sampun?
- Adi kula mah sampun tingkat telu. Barang pecil mah embeke kelas telu, AMA. Wenten sing ning SMEA.
- + Lulusan sing SMEA taun pinten?
- Taun ini... antuk ning ekonomi.
- + Kan seniki lagi dibuka engge guru agama, sereng guru SD.
- Maler dibuka?
- + La enggih. Boten uning tah?

LAMPIRAN 3

DAFTAR INFORMAN

Nama	Umur (Tahun)	Pekerjaan	Alamat (Kecamatan)
H.M. Hasuri	57	Pensiunan Wedana	Kramat Watu
Amin	25	Karyawan Krakatau Steel	Cilegon
Sulaila Surya M.D.	19	Pegawai Honorer Kantor Kecamatan	Bojonegoro
Tb. Ahmad Suwardi	40	Guru SMA Negeri	Serang
Mustabak	23	Pegawai Honorer Kantor Kecamatan	Bojonegoro
K. Mujtaba Ali	59	Pensiunan Naib	Ciruas
Saraji	50	Pensiunan Karyawan Departemen Penerangan	Ciruas
Mutho'yah	18	Siswa SPG	Pulo Merak
Wiwin Widarti	12	Siswa SD	Pulo Merak
M. Ikhrom Komaruddin	28	Kepala Desa	Kasemen
Tb. Zainuddin	37	Kepala Desa	Kasemen

PETA KECAMATAN-KECAMATAN DI KABUPATEN SERANG

